

MINAMATO YEMAZUVA ESE

CHINYORWA

2

Kubvumbi-Chivabvu-Chikumi

2024

# Nhau Dzakanaka

ZUVA NEZUVA

**MAHARA**

**KWETE KUTENGESWA**

IRI BRUKU SATO BRADHARWA  
NEVATAKABATANA NAVO SAKA  
RINOGONA KUGOVERWA MAHARA

SEMVURA INOTONHORERA KUMWEYA UNE NYOTA, NDIZVO ZVAKAITA **NHAUDZAKANAKA** DZINOBVA KUNYIKA IRI KURE. (ZVIREVO. 25:25)

*Uebert & BeBe*  
**ANGEL**



## UEBERT & BEBE ANGEL

Uebert neBebe Angel, vashumiri veshoko raMwari vanenguva yakareba vachiita basa iri uye ndivo varikutungamirira mukufambisa shoko renyasha dza Mwari (Euaggelion) nechiporofita pasi rese. Pahunyira hwavo vakanyora mabhuku akaita mukurumbira anoverengera Spiritual Warfare, Intimacy, Prayer Banks, Supernatural Power of The Believer, nemamwe Uebert ne BeBe Angel vashumiri vanokokwa kumisangano yakawanda pasi rese kuti vazoshumira nekudzidzisa uye vanokosheswa pamusoro pemuono wavo, nekushumira kwavo shoko raMwari vasingatye. Ndivo vakavamba Good News Church (Spirit Embassy) uye semaporofita vashandura hupenyu hwemamiriyoni akawanda evanhu pasi rese, pasi pechirongwa chavo chekutendeutsa vanhu, kuburikidza nekuunza kwavo chizaruro cheNhau Dzakanaka Dzenyasha Dza Mwari (Euaggelion).

**Zvakazarurwa 3:20**

**Tarira, ndimire pamukova ndichigogodza, kana munhu akanzwa inzwi rangu ndichapinda kwaari, ndicharayira naye, naiye ucharayira neni.**

Vhesi iri rine chidzidzo chakakura chandirikuda kuti munhu wese aone uye ndechekuti Ishe Jesu Kristu havasi kugogodza pamusuwo wekereke, kwete; Varikugogodza pamwoyo wako.

Vhesi harisikuti kereke ndiyo ichazarurira Mwari mikova yayo, asi ririkukurudzira vanhu kuti vave ndico vanozarurira Mwari mwoyo yavo. Kuva nhengo yekereke kana kuva nechinzvimbo mukereke hazvireve kuva nehukama naMwari. Kuti kereke izvigone zvirikudiwa naMwari, ndokunge munhu wese arikuverenga rugwaro rwuno

anzwisa zvirikudiwa naMwari. Rangarira kuti kereke hachisi chivakwa kwete; kereke ndiwe neni.

Zarura musuwo wemwoyo wako. Arikugogodza!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndirikunzwa mumwoyo mangu muine nyaya dzakanaka uye ndauzarurira baba vangu vekudenga kuti vapinde mauri vage gare mauri. Ndagadzirira kuti kubva iye zvino ndive nehukama hwakasimba navo. Hareruya!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Johani 10:3

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 1 Vatongi 6-7

**Jakobho 2:17**

**Saizvozwowo, kutenda kana kusina mabasa kwakafa hako.**

Chimbo pafunga kuti uri ndiwe unganzwe sei kuona mubereki achishingairira nepese paanogona napo kuti mwana wake awane zvese zvakanaka pakurarama kwake, asi iye mwana wacho orarama hupenyu hwake semupemhi, sekunge pasina chaanowana kubva kumubereki wake, izvi ndizvo zvirikuitwa nevana vakawanda vaMwari. Vanorarama hupenyu hwavo vachitambudzika, asi ivo mutsinga dzavo muchifamba ropa rehumambo.

Unoona, kana ukatambira shoko rinenge rataurwanaMwari pamusoro pehupfumi hwako, hutano hwako, hutano hwako kana bhizimusi rako,

zvakanakosha kuti utsigire shoko iri kuburikidza nematanho aunozotora, anoenderana nezvinenge zvataurwa. Kana usina matanho aunotora, hapana chinoshanduka muhupenyu hwako, zvokonzeresa kuti urarama hupenyu hwako usingafare, uchingonyunyuta.

Nzwisisa kuti shoko rine simba rekushandura mamiriro ezvinhu muhupenyu hwako BATISISA zvakare kurudziro yandiri kuita yekuti ubva watorawo matanho akafanira, anotsigira shoko iri. Tevedzera zvandiri kukuudza! Usanonoke kana kumbomira. Ukatora matanho nekutenda unenge uchitogadzirisa kuti uone minana ichiitika muhupenyu hwako nguva dzese.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndirikuporofita kuti ndichatora matanho ekutenda, kusvikira ndakunda nezita raJesu! Hareruyah.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

2 VaKorinde 8:7

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Vatongi 8-9

**2 Timoti 2:1**

**Naizvozvo mwana wangu iva nesimba munyasha dziri muna Kristu Jesu.**

Chinhu chisingazivikanwe nemaKristu akawanda ndechekuti nyasha dzaMwari dzinenge dziripamusoro pako ndidzo dzinokusiyana nevanhu vepanyika nekuti dzinoita kuti uve nekubwinya pauri uye kuti uite zvinhu zvakakwirira. Unova musoro pamusoro pevese, uye unovamba zvinhu nekudambura miganhu yakange iripo! Hapana chinhu chiri panerino pasi, ingave mbiri kana rombo rakanaka, kana kuva nehochekoche dzakanaka, zvingaenzaniswe nenyasha dzaunowana kubva kuna Mambo Jesu.

Kuva anesimba munyasha dza Mwari sezvataurwa muvhesi redu ranhasi, kufamba mukuzara kwenyasha

idzi, ndirikureva kuti unofanira kunzwisisa kuti kunzi uri nyandzvi, unenge uchigoneswa nenyasha kwete kugona kwako. Sembeu yerudzi rwaAbrahamu, une nyasha dzekupfuma dzirikushanda pauri. Ndidzo nyasha dzinokusimudzira kukuisa pamusoro zvekukonzera kuti ubudirire pane zvese zvaunenge uchiita. Ndinokukurudzira kuti ushandise nyasha idzi!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Hupenyu hwangu hunoratidza hunyanzvi nekunatswa, apo ndirikugara ndakasimba munyasha dzakawedzerwa nezita raJesu! Amen.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

2 VaKorinde 6:1

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Vatongi 10-12

**Genesisi 26:12**

**Zvino Isaka akadyara zviyo munyika iyoyo akawana gore iro rune zana, Jehovha akamuropafadza.**

Nyaya iyi yakamira yakadai, kwakange kusina mvura kuine nzara apo Isaka akarima akadyara. Kwakange kwaita nzara kwemakore akawanda munyika iyi, uye kurarama kwakange kwakao-ma mazuva iwayo. Pafunge kuti Mwari vakaudza Isaka kuti vaizomuropafadza zvinhu zvakamira zvakadai. Kwakange kusina mvura uye zvinhu zvese zvakange zvisina kumira zvakanaka, asi Isaka akabvuma zvakange zvataurwa naMwari akakohwa kakapetwa zana! Ndomaitiro aMwari kana ukavimba navo.

Izvezvi kune munhu arikuverenga rugwaro rwuno arikugadzirira zvaanofunga kuti hazviite. Teerera uneshoko rakataurwa pamusoro pehutano hwako, mari yako mhuri nezvese zvehupenyu hwako! hazvinei mashoko akaipa anenge achitaurwa iwe mira neshoko ramwari uwane ropafadzo rakapetwa kazana!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndinovimba neshoko raMwari uye ndichabudirira pane zvese zvandichaita nhasi pasina mubvunzo! Maita henyu Ishe wangu nekundipa zvivimbiso zvinounza kubudirira kwangu! Ameni.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Zvirevo 10:22

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Vatongi 13-15

**VaEfeso 1:4**

**Sezvaakatsanangura maari nyika isati yavambwa kuti tive vatsvene, vasina mhosva pamberi pake murudo:**

Tina Baba vakanakisisa! Chimbotora kanguvana umbofungisisa nezvazvo. Rudo rwavo kwatiri urwu rwakadzama, zvekuti vakatisarudza nheyo dzenyika dzisati dzavepo. Mwari wedu vakadisisa kuti tidzikinurwe kubvira kwekutanga, kwete pavakazosika munhu kana kuti paakatadzira Mwari, asi "nheyo dzenyika dzisati dzavepo." Vakoma vangu nehandzvadzi dzangu, kune zviripo pamusoro pedu zvakananzika, zvinoshamisa. Pafunge kuti nyika isati yambosikwa, munhu akange akutonzi akarasika pamberi paMwari. Uye zano rekuti munhu adzikinurwe rakaitwa kare. Chaingodiwa naMwari chete ndechekuti vasaparadzaniswe nechisikwa chavo chavanodisisa.

Vadikani muna Kristu, murivatsvene uye hamhuna chipomerwa chamuninacho pamberi paBaba vedu varikudenga, sezvirikutaurwa muvhesi redu ranhasi! Vakatokadzirisa nyaya yezvitadzo zvako zvese, uye ndiwo mashoko evhangeri re euaggélion, dzinova nhau dzakanaka dzatinoparidza, harenyah!

Ndosaka zvisingashamise kuti vanotidaidza vachititi tirivakarurama vavo, vakatenderwa vavo, zvichireva kuti hatina chitema chatinganzi tinacho nekuti hatisivakarurama chete asi takarurama kuburikidza naivo Mwari muna Kristu Jesu. Wakasarudzwa iwe. Saka, nyatsosimudzamusoro wako uise chipfuva pamberi kuburikidza neruzivo rwawanarwo rwekukosha kwawakaita!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Handisi kukundikana nhasi chero ripi zuva nekuti ndakasarudzwa! Ndinobudirira pane zvese zvandirikuuta nezita raJesu. Amenii,**

### MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinde 5:21

### Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Vatongi 16-18

**Zvirevo 15:4**

**Rurimi rwunyoro muti wohupenyu, asi rwune nhema rwunoputsa mweya.**

Vara riri muvhesi redu rakuti putsa rinonzi sheber nechii Hebheru uye rinoreva kupwanya, kuparadza kana kutswanya chinhu. Saka, kana ukazoshandisa vara rekuti putsa panzvimbo yemazwi andataura aya, unoona kuti mazwi anotaurwa nevanhu anogona kunge ari ndiye muvengi akakuraarikuparadza kana kutswanya hupenyu hwako nehwevadikano vako! Kana panzvimbo pakaputswa, zvinoreva kuti panemuvengi anenge apinda panzvimbo, uye hapana anoda vanopinda panzvimbo dzavanenge vasina kubvumidzwa kupinda!

Hushe hwaMwari, kunova ndikokwatinobva, ndehwekushandisa mashoko. Tinorarama nekutonga kuburikidza nemashoko atinotaura. Zvinoitika kwauri

zvinoenderana nekuti chii chinenge chataurwa pamusoro pako. Ukataura zvakanaka, hupenyu hwako hunonaka. Ukataura zvakaipawo, ndizvo zvinoitikawo muhupenyu hwako. Mubhuku raGenesisi, Mwari vanodaidzwa vechinzi Izwi, seizvi, "Vakanzwa izwi raJehovha Mwari, achifamba mumunda kwotonhorera madekwana" (Genesisi 3:8). Hapana chimwe chiripo paizwi kunze kwemashoko anenge achitaurwa. Ukanzwisisa zvandiri kutaura izvi, haumbofa wakataura mashoko asina maturo kana akashata zvakare. Unenge wave kushandisa mashoko ako zvakanaka. Uchange wavakutaura mashoko ekuropafadza, nemashoko anopa hupenyu uye anovaka.

Kutanga nhasi, chiita sekudaro!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Kuburikidza nesimba riri pamuromo wangu, ndirikuporofita kuti zvakanaka chefe ndizvo zviri kuitika muhupenyu hwangu, munharaunda mandakagara, munyika mangu nekune dzimwe nyika. Kusimba nehushingi ndezvangu nezita raJesu!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Zvirevo 18:21

### Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Vatongi 19-21



**Mateo 5:48**

**Naizvozvo muve vakakwana saBaba venyu varikudenga vakakwana.**

“Hapana akakwana!”

Mashoko ari pamusoro aya waakanzwa kangani muhupenyu hwako? Kana wakaita seni, mashoko aya akataurwa kasingaverengeki. Kubva kunoitirwa mahumbwe kusvikira panoitirwa misangano kubasa kana panoparidzirwa, aya manyepo anongogara achitaurwa. Ukangotaura chete mashoko ekuti “Ndakakwana, ” vanhu vanobva vatotanga kukuti unoda. Uku kukanganisa kwakakura!

Mudingindira remushoko ranhasi, bhaibheri ririkuti, “Iva akakwana saBaba venyu vekudenga vakakwana.” Vara rekuti ‘kukwana’ rinonzi téleios, nechiGiriki, uye rinoreva chinhu chinenge chabva zera, chisina gwapa, chisingashoreki; pasina zvakananda zvinenge zvichidiwa, uye

chinenge chakazara. Zvinoreva kuyerwa kwemwoyo wako newaMwari, uye izvi zvinoitwa kuburikidza neshoko ravo. Saka unoita zvinhu uchitevedzera zvinodiwa naMwari; unobvumira mwayo wako kuti uite sewaMwari. Unofunga nekuregerera sezvinoitwa naMwari nekti unemwoyo wavo.

Vakoma vangu nehandzvadzi dzangu ndirikuda kuti uzivebkuti Mwari havakuti uite cunhu chavasingagone kuita ivo. Kana vachida kuti tinge takarurama takanaka, zvinoreva kuti tinokwanisa kuzviita.

Kubvira nhasi, ndinokukurudzira kuti nguva dzese uite zvinhu zvakanaka, nezita raJesu!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Mashoko angu, pfungwa dzangu uye zvese zvandirikuita zvakanaka! Ndirikutaura kunatswa kwezvese zvandichabata nemaoko angu nezita raJesu! Amenii.**

### MAVHESI EKUVERENGA

VaKorose 1:22

### Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Ruth



### 2 VaKorinde 5:17

**Saka kana munhu arimunaKristu, wava chisikwa chitsva, zvinhu zvakare zvapfuura, tarira, zvose zvava zvitsva.**

Kana tichiongorora zvirikutaurwa muvhesi redu ranhasi, tinoona kuti maKristu akawanda anofunga kuti shanduko yavo ichaitika kudenga kana kuti pane imwe nzvimbo munyika yemweya, vasingazive kuti yakatoitika! Ishe Jesu vakauya kuzofipahupenyu hwekudenga, uhwo hunoita kuti tive vanavaMwari, unoona, kunzi wazvarwa patsva hazvirive kuti unenge wavekurarama hupenyu hwevanhu vaviri, kana kuvanehunhu hwevanhu vaviri kwete. Unehupenyu humwe chete hunova hwaMwari, hupenyu hwedenga.

Ongorora kuti muvhesi redu zvirikunzi "chisikwa chitsva"; zvichireva chinhu chisingazivikanwe, chitsva uye chinoshamisa." Iwe neni titi zvisikwa zvitsva, zvisikwa zvakange zvisipo kare, munhu mutsva! Kana ukazonzwisisa kuti zvawave hausimasanganiswa ehunhu hwedenga nehwehunhu wepanyika, unoona zvirikukunetsa zvavekunyunguduka kubva pauri wotanga kurarama hupenyu hwekukunda nguva dzose, uchizadzikisa zvido zvaMwari pahupenyu hwako, wave nezororo raMwari. Gara uine pfungwa yaJesu Kristu mauri kubvira nhasi, urame hupenyu hutsva hwandiri kukukurudzira kuti uve nahwo uhwu. Ndiri kurayira, Hupenyu hutsva mauri, Hupenyu hutsva kukambani yako, kuvana vako nekune chese chine chekuita nehupenyu hwako.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Tarira ndave munhu mutsva! Ndinesimba rekukunda zvese zvisina kunaka zvakandikomberedza, ndizvo zvandirikutema izvezvi nezita raJesu! Amen.**

### MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinde 5:17

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 1 Samuel 1-3

**VaFiripi 3:20**

**Nokuti nyika yedu iri kudenga ukok-watakatarira kuuya kwomuponesi Ishe Jesu Kristu.**

Unomboziva here kuti kudenga, inyika yakangofanananedzimwe nyika uye kuti inezvese zvinotarisirwa kuonekwa munyika kusanganisira nehurumende inotonga ikoko, uye inevagari veko? Nazvino sezvinongoitika kunyika dzese kana uchida kupinda munyika iyi unofanirwa kunge uine vhiza rekupinda naro pabhodha. Haukwanise kupinda mune imwe nyika usina vhiza uye ndozvinoitika kudenga.

Denga ndere vagary vekudenga, avo vanorarama hupenyu hwedenga pane rino pasi. Hakuna anopinda kudenga asina hupenyu hwekudenga

panerino pasi. Unotofanirwa kurarama hupenyu hwedenga pane rino pasi kuti ukwanise kupinda kudenga. Rangarira nguva dzese kuti hausi wepanyika, uriwekudenga. Gara uine pfungwa iyi nguva dzese, uye urame hupenyu hwako saizvozvo. Ndinowanzoti padiki padiki, "Ndiri mugari wekudenga." Iri ndiro vhangeri ralshe wedu Jesu Kristu. Vakauya kuzokuita mugari wekudenga, vakakupa kodzero yekupinda munyika yakanakisisa kudarika dzese, Denga!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ini handikanganiswe nematambudziko anovhiringidza vamwe pane rinopasi. Ndiri mugari wekudenga, iro rinogadzirisa dambudziko rese randiinaro nezitara Jesu! Amenii.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

VaHebheru 12:22

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 1 Samueri 4-8

**Dhuteronomi 30:19**

**Ndinodana kudenga nepasi kuku-pupurirayi nhasi kuti ndaisa pamberi pako upenyu norufu, kuropafadzwa nokutukwa naizvozvo tsaura upenyu kuti urarame iwe navana vako:**

Mwari ndijendurumani, uyevakadzikama. Vanetsitsi unye vanenyasha, rudo rwavo harwunamagumo. Chavarikungoda chete kuti vana vavo vawane zvakanaka uyevararame hupenyu hwakanaka hwepamusoro.

Chimboongorora vhesi redu ranhasi. Dai Mwari vaida kuti munhu wese avechidhori kana kuti zombie, vaingosungirira munhu wese twutambo twavaipota vachidhonza vachitisa munhu wese zvavanoda. Vanesimba rekuzviita nekuti ndiye Mwari sama simba!

Asi kunyangwe vainesimba rese iri, vakatipa simba rekuita sarudzo. Semunhu unogona kusarudza kuda Mwari kana kusavada. Unogona zvakare kusarudza kuvashandira kana kusavashandira. Sarudzo ndeyako. Vakakupa sarudzo iyi sechipo, saka iva nehuchenjeri hwekuita sarudzo ine huchenjeri.

Rangarira kuti muna VaRoma 11:29, zvakanyorwa kuti, "For the gifts and calling of God are without repentance." Vhesi iri riri kutsigira dingindira ranhasi. Mwari vanokupa ruzivo rwezvinenge zvakanakira, asi ndiwe unoita sarudzo yezvinenge zvakanakira iwe, havakumanikidze.

Ndinokukurudzira nhasi kuti uite sarudzo yakanaka.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Kubvira nhasi ndichaita sarudzo inoenderana nezvakarongwa naMwari pamusoro pehupenyu hwangu, nezita raJesu! Ameni.**

### MAVHESI EKUVERENGA

Joshuwa 24:15

### Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 1 Samueri 9-12

**Ezekieri 36:27**

**Uye ndichaisa Mweya wangu mukati menyu nokukufambisayi nemitemo yangu muchachengeta zvakadaku-rayirayi nekuzviita.**

Mumakore angu ese ekushumira, ndinosangana nemaKristu anonetseka kuti angafadze Mwari sei. Vanochema vachiti vanoedza nepese pavanogona napo asi vachikundikana. Ko ndikakuudza kuti hauchafanirwa kutsvaga nzira dzekuti ungafadza Mwari sei? Zviri mukati mako zvekugona kufadza Mwari izvi uye chako kungozviisa mupfungwa kuti unozvikwanisa uye kuti urikutozviita?

Kana ukaongorora vhesi iri zvakanaka, rinoti, "... ndichaisa Mweya wangu mauri, nokukufambisayo...." Urikumviona here izvi? Ndirikuti, sezvo Mweya Mutsvene achigara mukati mako sekunyorwa kwaz-

vakaita, wakatoruramiswa kare; Urikumvofadza Mwari usingazvize. Hautombofanirwe kutsanya kuitira kuti ufadze Mwari; zvinhu zvinongoitika kubva mukati mako! Zwavave neruzivo rwandakupa urwu, chirega kunetseka nekuita zvakanaka. Wagara uine hunhu hwaMwari mukati mako, hunokubatsira kuti urame hupenyu hwakanaka. Kugona kuita zvinhu zvakanaka kunobva mumwoyo wakarurama wawagara wakapihwa naMwari.

Kubvira nhasi chirarama hupenyu hwako wakadekara, uine ruzivo rwekuti unehunhu hwaMwari mauri, hunoita kuti uite zvinhu zvakatsvinda nguva dzese!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndiri kuporofita kuti nhasi zuva rangu rinenge riinezvibereko zvakanaka zvemukaka nehuchi nekuti ndinekururama kwaMwari mandiri. Zvese zvandirikuuta zvakanaka uye zvirikusimudzira hushe hwaMwari. Hareruyah!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

VaRoma 5:17

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 1 Samueri 13-14

**Johani 15:11**

**Zvinhu izvozvi ndakazvitaure kwamuri kuti mufaro wangu ugare mamuri nomufaro wenyu uzadzike.**

Zvinowanonzi, “Kurwadzisa vanhu, marwadzo kuvanhu.” Ukatarisa kuseri kwechirevo ichi, icho chinova chokwadi, zvinonzi: vanhu vazere nemufaro, vanounza mufaro kuvanhu! Kuda kwaMwari kuti ugare uinemufaro nguva dzese. Ivo Mwari vakakupa mufaro usineyi nezvinenge zvichiitika munharaunda mako, uye mufaro uyu unobva mumweya wako uchizadzawo nevese vanenge vari pedyo newe.

Vhesi redu ranhasi ririkuti: “... kuti mufaro wenyu uzadzike.” Zvinoziva kuti kune imwe mhando yemufaro unenge usina kuzara. Zvinogona kuitika kuti uve

nemufaro mukati mako, asi mufaro uyu unenge usingafanane neuri kutsanangurwa muvhesi riri pamusoro. Zvinhu zvinosuwisa zvikuru kuti mamwe maKristu arikunetsekana sezvo aine mufaro mushoma mukati mawo. MaKristu aya anoti dzimwe nguva anenge ainemufaro, zvochinja, muneremangwana anenge avekuchema zvakaipisisa. Wakapihwa shoko raMwari kuitira kuti mufaro wako ugare wakazara nguva dzese!

Kana zvinhu zvaoma, pane kuti ucheme uchizvinzwira tsitsi, ndirikukukurudzira kuti uzviudze uchiti, “Ndirikuramba kuvhiringika kana kufunganya! Ndinemufaro wakazara, uye ndirikukunda nguva dzese. Ndinemukuru anogara mukati mangu! Mufaro wake, ndiro simba rangu, uye ndirikukunda zvakanakisisa nezita raJesu.”

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Hupenyu hwangu ndehwekufara nguva dzese! Ndirikuporofita kuti munhu wese wandichasangana naye nhasi achawana mufaro wakazara munaShe! Hareruyah!**

### MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 14:17

### Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 1 Samueri 15-17

**VaFiripi 4:8**

**Pekupedzisira hama dzangu zvose zvazvokwadi, zvose zvinokudzwa, zvose zvakarurama, zvose zvakachena, zvose zvinodikanwa, zvose zvinorumbidzwa, kana kunaka kupi nokupi, kana chingarumbidzwa chipi ne chipi, fungisisai izvozo.**

Mifungo inesimba uye inovakazvinozotika muhupenyu. Zvirinyore zvikuru kuziva kuti zvaunofunga pamusoro pazvo, ndizvo zvaunozova. Ndosaka nguva dzese shoko raMwari richitaura pamusoro pendangariro dzako. Ndangariro ndidzo dzinovaka hupenyu hwako. Ukaongorora vhesi riripamusoro unoono kuti Mwari havasi kuti rambidza kupinda kwezvakaipa mundangariro dzako chete, asikuti vari kubva vasimbisawo kuti ubvumidze zvakanaka kuti

zvipeinde mundangariro dzako.

Tine vanhu vakanzwa zvinhu zvekunyepa, zvisiri zvechokwadi, zvisina kururama uye zvakan'ora, vakazvichengeta mupfungwa dzavo, kusvikira zvinhu izvi zvavekutonga hupenyu hwavo, zvikakonzeresa zvirwere zvekufunganya. Vamwe ndivo vanochoengeta zvigumbu mumwoyo mavo, zvobva zvakonzeresa kusamira zvakanaka kwezvinhu muhupenyu hwavob. Usaswere uchifunga pamusoro pechinhu chinokanganisa mweya wako. Dzidzira kuisa mifananidzo yezvakanaka mumifungo yako, uye nekuramba uchitaura shoko raMwari. Funga sekudaro!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndinofunga pamusoro pezvinhu zvechokwadi, zvisina chipomerwa, zvakarurama, zvakanaka nezvinounza mashoko akanaka, anorumbidzwa. Izvi zvinoita kuti ndibudirire nezita raJesu. Hareruyah!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Joshuwa 1:8

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 1 Samueri 18-20, Mapisaremas 11, 59

**VaRoma 12:2**

**Musaenzaniswa** nyenika ino, asi mushandurwe murangariro wenyu uchivandudzwa kuti muidze muzive kuda kwaMwari kwakanaka kunofadza kwakakwana.

Wakamboona here zvinoitwa nevanhu, pakupera kwegore rega rega? Nhau inenge iripo inenge ichitaurwa nezvayo ndeyekutangidza zvinhu zvakare. Unonzwa vanhu vachironga kushandura motokari dzavo, mamiriro avakaita, kushandura mbatya nezvimwewo, uyewo zvinhu zvinotangiswa patsva izvi zvakawandisisa handingapedze kuzviverenga. Apa vanenge vachiyedza kushandura zvinhu kuitira kuti vatanga patsva. Ukukuzvinyengedza kwakanyanya uku!

Bhaibheri rinotaura pachena zvinodikanwa pakusvandudzwa kwakakwana kwemuKristu. Unokurudzirwa kuti uvandudze mafungiro ako, uye izvi zvinhu virinyore kuita! Zvauri nhasi, zvirikukonzerwa nemafungiro ako. Zvirevo 23:7 inoti, "as a man thinks in his heart, so is he..." Unoita munhu akanaka maringe nemaonero aunozviita iwe pachako. Havvandudzwe nekuti unenge wadzikira pahuremu hwemuviri wako, kana kuti unenge wave kupfeka masutu ari nani, kwete! Kuvandudzwa kwako naMwari ndiko kwechokwadi. Kunotangira mukati mako kuchibuda kunze. Gara uchiverenga shoko raMwari, uye uchiyedza nepaunogona pese kushandurawo vamwe.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndiri kuraira kuvandudzwa kwezvесе zvehupenyu hwangu. Pandirikusimudzira hukama hwangu naMwari, pfungwa dzangu dzirikushandukawo zuva regarega nezita raJesu! Amenii.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

VaFiripi 4:8

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 1 Samueri 21-24



**VaKorose 1:12-13**

**Muvonge Baba vakati kwanisa kuti ti-pihwe nhaka yavatsvene muchiyedza, vakatisunungura pasimba rerima, vakatiisa muhushe hwo Mwanakomana murudo rwavo:**

Urikuona here kuti vhesi iri rirkutsanangura chinhu chakatoitika kare. Ririr kuti Mwari vakatisunungura kubva kusimba rerima, kwete kuti vakuzotisunungura kana kuti vachakusunungura paunoenda kukereke, kwete, nekuti zvinhu zvakatotora nzvimbo kare. Wakaipa muvengi akakundwa kare! Anoedza kudyara pfungwa dzekuti uzviuraye, kana kuti ufunge kuti uenchirwere chisingarapike, nezviwewo zvakadaro. Ipapo ndopaunoona maKristu achidzungaira achibva kune imwe kereke achienda kuneimwe, achitsvaga dzikinuro kubve mukurwiswa uku, nezviwewo zvinotyisa zvaanenge achiita.

Saka usashaye hope nezvinoitwa naSatani, kuburikidza nezvawakuziva zvirimuvhesi redu ranhasi. Anoziva kuti akakundwa uye kuti haana simba, asi kuti anoshandisa kusaziva kwevanhu nekutya kwavo. Unesimba pamusoro pake, uye simba iri unobva wariwana chiporipotyo, wangopa hupenyu hwako kuna Kristu.

Ishe Jesu vanoti muna Mako 16:17 "... Nezita rangu vachadzinga mweya yetsvina" Uye, vari kutaura iwe! Vakakupa simba rekudzanga mweya yetsvina. Simba iri harisi shoma zvekuti unenge uchifanirwa kudzinga mweya iyi svondo rega rega kwete. Usape wakaipa mukana. Ukangoona chete avekuda kuita misarinya yake chero paunenge uri, ziva kuti ndiwe urikutonga!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Wakaipa akakundwa uye zvichangugara zvakadaro. Nda-katakura mweya waMwari mandiri, vara rekuti kukundikana hariwanikwe kwandiri nezita raJesu! Amenii.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

1 Johani 4:4

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Mapisaremas 7, 27, 31, 34, 52

**Johani 16:23-24**

Nezuva iroro hamungazondibvunzi chinhu, zvirokwazvo zvirokwazvo ndinoti kwamuri Zvose zvamunenge muchakumbira kuna Baba vachakupai izvo muzita rangu. Kusvikira zvino hamhuna kukumbira chinhu muzita rangu; kumbirai muchapihwa mufaro wenyu uzadzike.

Dai Mwari vakange vasina chironywa chekupindura minyengetero yedu, havaimbotikurudzira kuti tinyengetere. Vakati, "...kumbira kunaBaba nemuzita rangu," nekuti vaiva nehurongwa hwekupindura minyengetero yedu. Nzwisisa kuti kunyengetera ndiyo nzira yedu yekuunza nayo Mweya Mutsvene kuti azoshandura mamiriro ezvinhu panerino pasi. Tarisirai kuwana mhinduro pese pamunonyengetera, vako-

ma vangu nehandzvadzi dzangu.

Mwari vanofara zvikuru pavanoona uchibudirira nekuita zvibereko zvakanaka. Muvhesi redu ranhasi varikuti, "...Muchapihwa mufaro wenyu uzadzike." Murikuzviona here izvi? Vanoda kuti hupenyu hwenyu huzare nemufaro! Vamwe vanhu havazvize izvi, saka vanokurumidza kuneta vosiyana nekunyengetera pavanoona chinhu chimwe chete chavanenge vanyengeterera chisina kuitika. Dai waiziva zvako kuti kubwinya kwaMwari kunooneka pakupindurwa kunoitwa minyengetero! Ndinokukurudzira kuti utende kuti gore rino richakuunzira mukaka nehuchi, uye ugotarisira kuona mhinduro pakunyengetera kwauchaita!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Mwari vanofarira kupindura minyengetero yangu. Saka nhasi ndirikuti vara rega rega randirikutaura pakunyengetera kwangu ririkuzadziwa nezita raJesu! Amen!**

### MAVHESI EKUVERENGA

1 Petro 3:12

### Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Mapisarema 56, 120, 140-142

**VaEfesu 3:20**

**Zvino iye unesimba rekuita zvikuru kwazvo, zvinopfuura kuziva kuti muzadziswe nokuzara kwose kwaMwari.**

Unombozviziva here kuti unekugona kwakaita sekwaMwari mauri? Chimbofunga zvakadzama pamusoro pezvandataura usati waenderera mberi nekuverenga. Vanhu vaMwari vakakosha vakawanda varikutambudzika nekuti havatende zvandataura izvi. Chiteerera unzwe. Paunotambira Mweya Mutsvene mauri, simba rake rinobva ratanga kushanda mukati mako. Rino-fashuka richibuda nemutsinga dzako, ririmumapfupa ako, nemumhasuro dzako, uye rakakukomberedza muviri wako wese, Hareruya!

Chiongororawo muna Mateo 10:8, Ishe

Jesu vakati, "Heal the sick, cleanse the lepers, raise the dead, cast out devils: freely ye have received, freely give."

Saka chindiudzawo hama yangu kuti kana usina simba, sei uchikurudzirwa kuti uite chinhuchinoda simba raMwari kuti chiitike? Wkaudzwa kunzi ushandise simba rekuita zvishamiso zvese izvi nekuti SIMBA IRI UNARO. SAKA RISHANDISE! Mberi ngaiende kunaMwari!

Enderera mberi nekushandisa zvakapinhwa naMwari kubvira nhasi.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Simba raMwari rinoratidzwa mandiri. Ndakazarisisa nesimba iri; ndichaporesa varwere, ndochenesa vanemaperebudzi, ndomutsa vakafa, ndinodzinga mweya yetsina nekuita mabasa makuru nezita raJesus. Amenl.**

### MAVHESI EKUVERENGA

Mabasa AvaPostora 3:6

### Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 1 Samueri 25-27

**VaGaratiya 5:16**

**Zvino ndinoti, Famba noMweya ipapo hamungaiti kuchiva kwenyama.**

Panotaurwa nezvenyama mubhai-berhi, zvinenge zvichireva zvinhu zvaunoda kuita iwe, pfungwa dzako uye zvaunofarira. Ndakaona nekunzwa vazhinji vachichema pavanenge vachinamatira kuti varoverere nyama yavo pamuchinjikwa. Uyu munyengetero wakapotsa. Haufanirwe kuti utambudzike kuti zvaunofarira zvitevedzere zvinodiwa neshoko raMwari; chingozadza ndangariro dzako nemashoko aKristu, wogara urimumweya uchisimbisa hukama hwako naMwari, zvinoita kuti ukunde zvinodiwa nenyama uye zvaunofarira.

Kana Ishe Jesu varilshe wemuviri wako, uyoita zvakatsanangurwa naPawuro munaVaRoma 12:1, kuti upe muviri wako sechipiriso chipenyu, chitsvene uye chinotambirwa naMwari nekuti muviri wako muviri wavo. Muviri waunogara uyu ndewaMwari. Urikuroja mumuviri uyu, wawakachengeteswa, uye uchiuchengetera Mwari. Saka iva nepfungwa dzaKristu, ndizvo zvinoita kuti ukure nyama nezvainoda kuita.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Pfungwa dzangu dzese dzirikutongwa neshoko raMwari, pan-dirikufamba mumweya. Handimbofa ndakanetseka pamusoro-pepzinodiwa nenyama yangu nezita raJesu! Amen.**

### MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 8:5

### Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Mapisaremas 17, 35, 54, 63

**2 Timoti 2:15**

**Shingaira kuti uzviratidze pamwari paMwari, uri munhu akatendeka, mubati asingafaniri hake kunyadziswa, anonatsa kururamisa shoko rezvokwadi.**

Zvakakosha kuti uverenge, kunzwisisa uye kutevedzera zvinodiwa neshoko raMwari kana uchida kubudirira semuKristu. Vhesi redu ranhasi ririkureva kuti muKristu wese anofanirwa kuti averenge nekunzvera shoko raMwari uye kuti aripakurire kune vamwe. Dambudziko rirkuitika mumakereke akawanda nderekuti tine vanhu vasingarovhe kukereke, avo vanonyora pasi zvese zvinenge zvichiparidzwa, vachinyora zvakare nemavhesi anenge averengwa musii iwoyo, asi vasingazoverenga zvakare zvavanenge vanyora pasi pavanenge vave vega.

Shoko raMwari rinofanirwa kuverengwa. Ndinokukurudzira kuti uverenge bhaibheri rako kumba uye kuti uriverengere vana vako. Vamwe vanhu vanovhura mabhaibheri

avo nemusi wesvondo kukereke chete. Dambudziko rinozoitika nderekuti unobva wagara uinenzara pamweya. Kana ukazosangana nedambudziko, unenge usina simba repamweya rekuparadza naro dambudziko racho, wogara urimuKristu anonetseka nguva dzese. Mwari vanoti muna Hosiya 4:6, "Vanhu vangu vanoparara nekushaya ruzivo." Urikuzviona here izvi? Ukasazvipa nguva yekuzviverengera bhaibheri onoparara, ndokuipa kwazvakaita.

Gara uchiverenga bhaibheri rako ugoona mashandukiro anoita hupenyu hwako.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndaita sarudzo yekuti kubvira nhasi ndichazvisimbisa kuburikidza nekupakata kwandichaita shoko raMwari zvandisati ndamboita muhupenyu hwangu hwese. Hapana anondimisa uye ndakagutiswa mnzvimbo dzehupenyu hwangu dzese nezita raJesu! Amen.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Johani 8:31

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 1 Samueri 28-31, Mapisarema 18

**Mapisarema 82:3-4**

**Tongerai mhaka dzavarambo nenherera, Ruramisirai vanotambudzika navanoshaiwa chose, Sunungurai varombo navashaiwi, Varwirei paruwoko rwowakaipa.**

Ndinoda kuti uzive kuti ropafadzo raunphwa naMwari rinenge risiri rako wega. Unenge wakarasika paunoti wakomborerwa wofarisa kugarika kwako chete usingapewo vamwe. Vamwe vanhu vanebasa rekungoona chete kuti vabhadhara mari yavo yerendi, vapfekedza nekupa vana vavo zvekudya nekuvabhadharira mari yechikiri, voona kuti mumba mavo mune zvekudya uye kuti motokari yavo irikushanda zvakanaka chete! Vanogutsikana nekuona kuti hupenyu hwaavo chete ndihwo hunenge huchifamba, uye kuti zvido zvemwoyo yavo zvinenge zvichizadzikiswa. Vhesi redu ranhasi rirutiudza kuti tinebasa rakakura kudarika kuzvichengeta, sezvo uchikwanisa kushandura mararamiro evamwewo vanhuwo zvavo, voraramawo hupenyu hwakanaka.

Sezvo uri mutungamiri wedzinza, zvakare urimuriritiri wevarombo nenherera hau-fanhirwe kuti ungoramba wakapeta maoko uchisiya wakaipa achiparadza nyika nevanhu. Mwari vanotaririra kuti tiwane zvatinoita kana zvinhu zvisina kumira zvakanaka. Chiongorora munharaunda maugere kubvira nhasi, utsvage vanoda rubatsiro rwako. Semuenzaniso, ndiyani arikuda kubhadharirwa mari yechikoro? Ndeipi mitemo yakaiswa muzvikoro nemumayunivhesiti inokanganisa hunhu hwevana inofanirwa kuti ishandurwe? Kune munhu abve zera here munzvimbo yaunogara anoda kuratidzwa rudo newe here uye kuchengetwa newe? Zvese zvingadiwe kuti ubatsire nazvo nekushandura zvinhu panyika nemuhupenyu hwevanhu unazvo. Unokwanisa kudzikinura mumwe munhu kubva muhuroombo, uye unokwanisa kumiririra avo vasingagone kuzvidzvirira. Chimboyedza kuita zvandataura izvi kubvira nhasi uone.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndiripo kuita basa raShe nesimba rangu rese. Ndishashandisa zvandinazvo, izwi rangu uye nezvandinogona kushandisa pakudzivirira kodzero dzeavo vanoda kubatsirwa neni. Amenii.**

### MAVHESI EKUVERENGA

Jeremia 22:3

### Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Mapisarema 121, 123-125, 128-130

**Mapisarema 82:6**

**Ndakati murivamwari, Mose murivana-komana voWokumusoro-soro.**

Unombonzwa maKristu achiti; “ndiri munhu,” kana kuti “ndingori munhuwo zvake.” Uye anotenda kuti akataura mashoko aya, anenge achiratidza kuzvininipisa. Hazvisirizvo. Kutaura mashoko akadaro kunoratidza kusaziwa kwemhando yepamusoro.

Nzwisisa kuti usati wazvarwa paysva ndipo pawakange uri munhuwo zvake. Wakabva wava nesimba rakawanda pawakazvarwa patsva, sezvo uri temberi inogara Jehovha. Vhurwa pfungwa dzako nevhesi iri. Ukasanzwisisa zvarinoreva haumbofa wakawana simba ririkutaurwa apa. Kubvira nhasi usati, “Ndirimunhuwo zvake.” Kana wave

naJesu Kristu mauri unobva waita kamwari. Wakaberekwa naMwari uye unechikamu chehunhu hwake hwedenga. Rangarira kuti Johani 4:17 inoti, “... sezvaari ndozvatiri munyika ino.” Wakafanana naBaba vako, hareruyah!

Ukazonzwa wavekuda kuti ndirimunhu wenyama pane kudaro iti “Ndiri wedenga!”

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndine pfuma yakakosha mandiri, vanova Mwari mandiri, izvo zvinoita kuti ndivemwariwo. Ndakunyatsonzwisisa kuri ndiri ani, nekuti Kristu mandiri itariro yekubwinya. Chiiko chandirikukundikana kuita? HAPANA, HAPANA KANA, nezita raJesu! Amen.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Johani 10:34-35

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 2 Samueri 1-4

**Johani 6:63**

**Mweya ndiye anoruramisa, nyama haina maturo, mashoko andakataura kwamuri ndiwo mweya wohupenyu.**

Ndakamboona chimwe chinyorwa chine musoro wakange wakanyorwa kuti, "URI ZVAUNODYA" Ichi ndicho chokwadi nekuti zvaunodya zvinezvazvinoita kumuviri wako. Ukadya zvakanaka kana kuti zvakaipa, zvinezvazvinoita kumuviri wako. Ndizvo zvinoitikawo kumweya wako. Ukaverenga nekunzvera shoko raMwari rinobva rabatana nemweya wako choita chinhu chimwe chete, uye rotanga kushanda mauri.

Vhesi redu rirkutaura pamusoro pemashoko anova mweya, uye anopa hupenyu. Mashoko akaipa anemweyawo, asi haape hupenyu. Sezvo zvekudya zvese zvisinawo kunakira muviri wako, kune mashoko asina kunakira mweya wako. Shingirira kuverenga shoko raMwari nenzira yepamusoro gore rino. Chimboregera kuverenga mabhuku etwunyaya kana bepanhau, wokoshesa shoko raMwari iro rinopa hupenyu. Ngachive chingwa chako chemazuva ese. Zviudze kuti handina chandinodya ndisati ndadya shoko raMwari kana kunamata. Shoko iri parinopinda mauri rinobva ragara mauri saMwari. Hareruyah!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndinotaura mashoko chete akataurwa naBaba vangu vekudenga pamusoro pangu. Hupenyu hwangu ndehwemukaka nehuchi, kubudirira kupfuma hutano hwakanaka nerunyararo nezita raJesu!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Joshuwa 1:8

### Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Mapisaremas 6, 8-10, 14, 16, 19, 21



**VaEfesu 3:8**

**Ini mudiki kwazvo kuvatsvene vose, ndakapihwa nyasha idzi kufi ndiparidzire vaHedheni pfuma isinganzverwe yaKristu.**

Liri ndiro vhesi riri mubhaibheri rinoburitsa pachena kuti Mwari havashandise vanhu vakadzidza bedzi kuti vaite basa ravo. Mwari vakavimba naPawuro pakuitwa kwebasa ravo, kunyangwe iye aizviti akange asina kudzidza zvakanwana. Kune vazhinji varikuverenga rugwaro rwuno varikufunga kuti Mwari haambofe akavaitisa basa ravo nekuti havana kukodzera. Ongorora zvirikutaurwa naPawuro, uyo arikuti" Mwari vanotsaura zvinhu zvinozvidzwa zvenyika kuti anyadzise izvo zvinestimba (1 VaKorinde 1:27).

Mwari vakakudaidza vakakupa kugona kwepamusoro kwekuti ukwanise kuita basa ravo. Saka usazvitarisire pasi kana kufunga kuti hauna kukosha. Vakaita kuti ugone uye havana kushandisa chinzvimbo chaurinacho kana kudzidza kwako; vakazviita nenyasha dzavo. Gona kuita chinhu usingatarise kugona kwako. Rangarira nguva dzese kuti wakanosha kuna Mwari, uye kuti ndivo vanokugonesa kuita basa ravakakupa.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndakasanangurirwa nguva yakaita saiyozi. Ndichaita zvikuru kudarika zvandakatarisirwa kuita muhupenyu hwangu nezita raJesu! Amen.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

2 VaKorinde 3:5

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 1 Makoronike 1-2

**Ruka 5:16**

**Asi iye akaenda kumarenje akanonyengetera.**

Ndinoda kutsanangura kunoitwa nebhaibheri zvaunofanirwa kuti uite semutendi nekuti hazvinetse kuzviita. Vhesi redu ririkuti Ishe Jesu vakabva pane vamwe vachinonyengetera. Zvichireva kuti dzimwe nguva vaimborega kuita zvimwe zvinhu zvaiitwa nevamwe, kuitira kuti vawane nguva yekusimbisa hukama hwavo naMwari, MaKristu akawanda anonyengeterera chete kana ave kuda kunyengetera, kana kuti nenguva dzinenge dzakakodzera kwavari. Rangarira kuti tiri mauto aKristu uye kuti nhengo dzeuto dzinoteerera mirayiro yadzino pihwa pabasa radzo. Kana uri nhengo yemauto hauite zvaunoda nenguva yawada, unoitwa zvaunonzi uite ipapo. Unoteedzera mirayiro nenguva

dzaunenge wapihwa, hautenderwe kuita zvaunoda.

Tinoti tirivateveri vaKristu. Saka tinotevedzerawo hupenyu hwaairarama hwekugara achinyengetera. Mako 1:35 inoti, "While it was still night, way before dawn, he got up and went out to a secluded spot and prayed." Zvipe nguva dzekugara uchinyengetera nguva dzose kuve kurarama kwako uchidaro. Mazuva atinotara ekuti tinyengetere tiripamwe chete sekereke akakosha zvakare – usarovhe.

NYENGETERA!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndirikuporofita kuti ndichasimbisa minyengetero pamusor pangu neavo vakandikomberedza. Kuburikidza nemashoko atinenge tichitaura patinenge tichinyengetera, tichashandura mamiriro akaita zvinhu muhupenyu hwedu nezita raJesu! Amen.**

### MAVHESI EKUVERENGA

Ruka 18:1

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Mapisaremas 43-45, 49, 84-85, 87

**VaKorose 3:17**

**Uye zvose zvamunoita kana zviri zveshoko kana basa itai zvose nezita raJesu muchivonga Mwari Baba naye.**

Vanhu vakawanda vanonamata nezita raJesu asi vamwe vanongozviita semurayiro zvisina zvazvinoreva kwavari. Vamwe havatende zvanenge vachitaura pavanonyengetera, asi vanongonyengetera vachishandisa zita rake chete, votarisira zvakanaka. Vakoma ne handzvadzi dzangu, dai mainyatsoziva simba rine zita raJesu! Rinesimba zvekuti rikadaidzwa munhu wese kudenga anoriremekedza kudenga nepasi nepasi penyika. Hapana chinokwanisa kumisikidzana nesimba riri muzita iri uye Mwari vakatiwanira nyasha dzekuti tiri shandise. Inyasha dzinoshamisa zvikuru idzi!

Kana uchiudzwa kuti ita zinhu zvese nezita raJesu unenge uchiyeuchidzwa kuti urikushandisa zita rinoparadza madhimoni, hurwere uye rinopa hupenyu! Hakuna chinokwanisa kupinda mauri chogara nekuda kwezita irori. Wakapihwa simba rakawandisa rinoita kuti utonge muhupenyu hwako uye nenyika, uchishandisa nhau dzakanaka dzalshe Jesu Kristu! Saka pane zvese zvauchaita, ita nezita rinogona ralshe Jesu Kristu! Hareruyah!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Mikumbiro yangu yese yandinoita ndinoita nezita raJesu inobvumwa Ndichabudirira sekutaura kwangu. Mbiri ngaiende kuna Mwari. Hareruyah!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

VaFiriipi 2:9-11

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 1 Makoronike 3-5

**Mapisarema 1:3**

**Achafanana nomuti wakasimwa pahova dzemvura, unobereka michero yawo nenguva yawo, Mashizha awo haasvavi, chinhu chipi nechipi chaanoita chichaendeka.**

Zuva ranhasi nderekupedzisira parimwe vhiki remugore remukaka nehuchi. Vamwe varikupemberera vachitenda Mwari kuti vakabata mabasa avo vakaita zvinoendeka, vamwe varikuchema vachiti vakatambisa nguva. Mwari vakakusika uine hupenyu hunounza zvbereko zvakawanda. Rangarira kuti Mwari ava vapenyu uyekuti vanorarama mauri. Hapana pavanga rarame mauri vachingodonha nguva dzese vari mauri, kwete, vanodawokuti uwane zvakanaka nguva dzese.

Vhesi riri pamusoro ririkuti unoita zvbereko nguva dzese, zvichireva kuti unoita zvinoendeka. Hauvambe bhizimusi rokundikana kwete. Bhizimusi iroro rinofanirwa kuita zvbereko. Vhesi ririkuti chese chaunoita chinoyendeka! Gara waziva kubvira nhasi kuti unokwanisa kuita chero chinhu chawada uye kuti unogona kuwana chero chaunoda, nekuenda kwawada, nekuva zvaunoda kuva.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndirikutema chirevo chekuti zvese zvandinoita muhupenyu hwangu zvinoendeka, ndinoita zvinobatika. Ndinobudirira pane chese chandinoina nezita raJesu! Amen.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Mapisarema 92:12-15

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Mapisaremas 73, 77-78

**VaKorose 2:9-10**

**Nokuti kuzara kwohuMwari kunogara maari pamuviri Maari nemiwo makazadzwa, iye musoro wavabati, nama-simba.**

Panemumwe munhu arikuverenga rugwaro rwuno nhasi arikunzwa kunge asina kukwana. Unogona kunge uchinzwa kudaro nekuti hausati wawana mudzimai wekuroora kana kuti murume angakuroore. Pamwe hausati wawana basa raunoda kana kuti kubhanga kwako hakuna mari zvokonze-resa kuti unzwe usina kukwana.

Hedzinoi nhau: kana Mwari vachikuona, vanoona wakakwana. Vakakuudza muvhesi riri pamusoro kuti WAKAZARA MAVARI. Chero chipi chinhu chaunoda unochuwana mavari. Bhizimusi riri

mavari, runyararo rwuri mavari, hakuna chakanaka chaungade muhupenyu hwako chausingawane mavari!

Kana uchifunga kuti, “Dai sekuru vangu vandivatsira, kana kuti dai hurumende yandipa icho kana kuti icho, ndingadai ndabudirira muhupenyu,” unenge uchipupura kusazara kwako kana uchidai, zvinova zvisirizvo. Unokwanisiswa naKristu kuita nekuwana zvese zvaunoda. Ruzivo urwu ngarwukure mauri. Zviudze kuti hapana chandinoshaya muhupenyu hwangu. Ndakazara!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndakazara munaKristu. Chero chipi chandinoda muhupenyu ndinochiwana mukati mangu. Runyararo nderwangu, rufaro nderwangu, uye hutanohwedenga ndehwangu nezita raJesu! Amen.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

2 Petro 1:3

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 1 Makoronike 6



### 1 Johani 1:7

**Asi kana uchifamba muchiyedza saiye ari pachiyedza, tinoyanana isu neropa raJesu Kristu, Mwanakomana wake, ri-nozvinatsa pazvivi zvese.**

Tine maKristu anogona kuverenga zवानotadzira Mwari. Sezvo uine zita raKristu, haufanirwe kugara uchiverenga zvitadzo zvako. Ukadaro onogara uchitya kutadzira Mwari zvokonzera kuti utadze. Vhesi rir kuti kana ukafamba muchiyedza (shoko raMwari) sezvo ivo vari chiyedza, ropa raJesu rinobva ratodzima zvitadzo zvedu zvese. Semuenzanisao kana uchinge wakanganisa ibva wangoti, "Ishe ndinehurombo nezvandaita, Ndinogamuchira ruregerero rwenyu nezita raJesu" zvatokwana.

Hapana Mwari pavakati unofanirwa KUVAKUMBIRA ruregerero. Pawakaberekwa patsva ukawana ruponeso, hauna kurwukumbira. Izvi zvimwe chete neruregerero. Unowana ruregerero, haukumbire nekuti ropa raJesu Kristu rakagamuchidzanwa, kuitira kusuka zvitadzo zvako. Kune maKristu anoramba achikumbira ruregerero. Sezvo vachikumbira zvakawaniswa kare, havashandise kutenda kwavo kuti varuwane. Unofanira kugamuchira kuregererwa kwezvivi, sechikamu chekutenda kwako. Wakasukwa ukacheneswa kubva pazvivi zvako. Wakasunungurwa!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndinoramba kugara ndichifunga kuti ndirimumutadzi. Ndirikururamiswa kwaMwari muna Kristu Jesu; saka kubvira nhasi ndichagara ndichifunga nezvekururamiswa kwangu nezita raJesu! Amen.**

### MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 8:1

### Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Mapisarema 81, 88, 92-93

**Johani 3:16**

**Nokuti Mwari wakada nyika nokudaro kufi wakapa Mwanakomana wake wakaberekwa mumwe woga kufi ani nanani anotenda maari arege kufa asi ave nehupenyu husingapere.**

Vhesi iri, rinemubatanidzwa wemashoko akanakisisa! Tinoona muvhesi iri kufi babavedu varikudenga vanofananidzwa nerudo. Rega ndikuudze chinhu ichi haumbozvida kudarika madirwo aunaita naRUDO uyu! Kunemumwe munhu nhasi arikufanirwa kunzwa zvandiri kutaura izvi. Mwari vanokudisisa zvekufi vaneshungu dzekufi ubudirire kudarika dzuinadzo pamusoro pehupenyu hwako. Urwu rudo rwusinganzwisike urwu, nekufi vakazvipira kufi uwane rufaro, runyararo nemufaro kudarika zvaungade iwe. Vanoziva chinhu chese chakanaka chaunofanirwa kufi uwane, uye vanodisisa kudarika iwe kufi

uchiwane chive chako.

Dambudziko riripo nderekufi vanhu vakawanda vakatambudzwa neavo vavaida. Vakarasiswa, kugUmburwa nekutengeswa nevaivada. Zvino havasisisna mucherechedzo wakanaka werudo. Rudo rwaMwari harwuna kudaro, rudo rwaMwari rwakachena. Ivo ndivo rudo pacharwo! Zviise mu-maoko avo vakutungamirire. Zvininipise ubvume kuda kwavo, kutungamira kwavo nehuchenjeri hwavo, nekufi ivo vanoda kufi uwane zvakanaka chete. Vashandire nemwoyo wako wese. Vimba navo nehupenyu hwako. Ukagara uinazvomundangariro dzako unoona matambudziko ako ese achipera.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Maita henyu Baba! Ndinosiya zvese ndozvinyudza murudo rwenyu kubvira nhasi, Mukaka nehuchi zvichafashukira muhupenyu hwangu kubvira nhasi.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Johani 16:27

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 1 Makoronike 7-10



**Johani 16:33**

**Ndakareva izvi kwamuri kuti muve nerugare mandiri. Panyika munotambudzika, asi tsungai mwoyo ini ndakakunda nyika.**

Zvinonyaradza sei kunzwa mashoko akadai achitaurwa nalshe vedu Jesu Kristu! Munyika yazara nehuori, hurwere, kuoma kwemamiriro ezvehupfumi, hondo, matambudziko uye kusamira zvakanaka kwezvinhu munzvimbo dzakawanda, vhesi rataverenga iri ndiro rine hutiziro hwedu! Mashoko aya akataurwa nalshe Jesu Kristu mbune, uye ivo pavaanyora mashoko aya waitogara munyika yakanga yakazara nerima, asi vakange vasineyi nezvaitika munyika nematambudziko akange ariko mazuva iwayo. Vaikwanisa kudaro nekuti vakange vainepfungwa dzemukundi! Vakazviita kuti tikwanisewo

kuzviita muna2024, mbiri ngaipihwe kunaMwari!

Ita tsika yekuti usati wabva pamba pako, unotarisa pachioni oni wozviudza kuti, "Ndiri mukundi" Hapanachero chipi panyika chinogona kukuzungunutsa. Rangarira 1 Johani 4:4 says, "Ye are of God, little children, and have overcome them: because greater is He that is in you, than he that is in the world." Wakatovakunda kare Zvakatoitika Kare. Housi kuzokunda rimwe zuva kwete; zvakatoitwa kare. Unemukuru akagara mauri, saka hauna kumbunyikidzwa. Urimukundi!

Rarama saizvozvo!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Hapana chinonzi chakaoma pane rinopasi chinokanganisa hupenyu hwangu.Ndinemukuru anorarama mandiri uye ndinokunda nezita raJesu! Amenii.**

### MAVHESI EKUVERENGA

1 Johani 5:4-5

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Mapisarema 102-104



# OUR MINISTRY IS THE BIGGEST STAKEHOLDER IN THE PROPHETIC

---

**Prophet Uebert Angel** is the Founder of Spirit Embassy The GoodNews Church and is regarded as the godfather of the modern-day prophetic movement. He is a leading global voice and pioneer of cutting-edge prophetic demonstrations, thus being the biggest stakeholder in the prophetic, as God has called him to lead the prophetic movement in this last dispensation.

---

Spirit Embassy The GoodNews Church is also synonymous with deep revelations, miracles, signs, and wonders as well as unique manifestations of the power of the Holy Spirit. As the prophet to Christianity, Prophet Angel has also raised powerful men and women of God all around the world, who are making an impact in changing lives every day.



**2 Makoronike 29:6-11**

Nokuti madzibaba edu akadarika, vakaita zvakaipa pamberi paJehovha wamadzibaba enyu, vakamusiya vakarega kutarisa pahugaro hwaJehovha ndokufuratira. Vakapfigawo mikova yebiravira, nokudzima mwenje; havana kupisira zvinonhuwira, kana kubayira Mwari walsraeri zvipiriso zvinonhuwira, kana kubayira Mwari walsraeri zviyero zvinopiswa panzvimbo tsvene. Saka Jehovha wakatsamwira Judha neJerusarema, akavaita chityiso nechishamiso chinoridzira miridzo sezvamunoono nemeso enyu, Nokudaro madzibaba edu akaparadzwa nemonondo, vanakomana vediti navanasikana vedu navakadzi vedu vakatapa nokuda kwaizvo. Zvino mwoyo wangu unoda kuita sungano naJehovha Mwari kuti kutsamwa kwake kukuru kubviswe kwatiri. Vanakomana vangu regai kuva vanhu vasi na hanya nekuti Jehovha wakakutsaurai kuti mumire pamberi pake mumubatire nekuva vake, nokumupisira zvinonhuwira.

Chinhu chimwe chete chinoshandira wakaipa makore aave nawo! Akaona vanhu vakawanda vachisimuka nekudonha uye aneruzivo rwemamiriro akaita dzinza rako. Zvinogona kuita sekunge mumhuri yenyu pasina anoroora kanakuroorwa, uye kuti munhu wese anoita bhizimusi anokundikana. Inyaya yekuti panekumonyororwa kwakaitwa zvinhu munyika, izvo zvinokonzeresa kuti iwewewo udzokorore kuita zvakananganiswa nemadziteteguru ako! Asi vhesi ranhasi ririkuti iwe wakasarudzwa kuti uparadze kuitwa kwekare uku! Unogona kusarudza kugara hupenyu hwako uchiita kuda kwaBaba vedu varikudenga, izvo zvichaita kuti urame hupenyu hwemukaka nehuchi!

Mwari vakapa munhu wese mukana wekuvanhengo yemhuri yavo! Unogona kuita sarudzo yekuvanhengo yemhuri yavo, isingagone kubatwa newakaipa. Kubvira nhasi ivanendangairo dzekuti kukanganisa kweavo vakakutangira hakuenerere mberi muhupenyu hwako, hausikuzodzokorora kuita zvavakaita!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndiri muparadzi wezvakananga zvakanjira kuitika mumhuri! Ndiriwedzina raMwari rekudenga; wakaipa haakwanise kundibata kana hupenyu hwemhuri yangu nezita guru raJesu!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Johani 1:12-13

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 2 Samueri 5, 1 Makoronike 11-12

**VaRoma 10:17**

**Naizvozvo kutenda kunouya nokunzwa, nokunzwa shoko raMwari.**

Muchikristu chete ndimo munowanikwa kutenda kunobva muruzivo nehuchenjeri. Inyaya yekuti semuKristu kutenda kwako kunobva muruzivo rwaunowana kubva mushoko raMwari! Nyika inotsigira mashoko anoti, “shandisa kutenda” kana kuti “ivanekutenda kusingaoni,” mashoko ausingakwanise kushandisa semutendi! Kutenda kwako iwe kunofanirwa kuti kubve mushoko raMwari. Sezvazvataurwa muvhesi riri pamusoro kuti kutenda kunouya nokunzwa shoko raMwari raunenge waziva iwe.

Wakamboona here kuti mazuva ano vanhu vakawanda vanotenda zvikuru

murubatsiro rwavanowana kubva kumadhokotera, vanamukoti neavo vanoshanda muchikamu chehutano vasingakoshese chimiro chevanhu ava. Zvinokonzereswa nemashoko emunyika anokurudzira vanhu kuti vavimbe nana chiremba, kuburikidza nemazwi anoti, “chiremba anopa hupenyu hwake kuti iwe uponeswe”. Mazwi aya anoita kuti utende kuti kuti uporeswe unofanirwa kuenda kuchipatara. Chimbopafunga kuti munhu anovimba nemunhu waasingazive nehupenyu hwake, nekuti anenge aineruzivo rwekurapa. SemuKristu, dzidzira kukura mushoko raMwari, kuitira kuti uve nekutenda kwakazara rwekuti chese chaunoda unochiwana kubva kuna Mwari!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Inu ndakachenjera! Kutenda kwangu kurimuruzivo rweshoko raMwari! Amen.**

### MAVHESI EKUVERENGA

VaHebheru 11:1

### Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Mapisarema 133



### VaKorose 3:16

**Shoko raKristu ngarigare mukati menyu, riwande, nokuchenjera kwose mudzidzisane, nokurairana nemapisarema, nenziyo, nezvimbo zvomweya, muimbire Mwari nenyasha mumoyo menyu.**

Munyaya irimubhaibheri inotaura pamusoro pemafashamu emvura ayo anemukurumbira zvikuru akaitika mumazuva aNowa, tinoona Mwari vachirayira Nowa kuti agadzire areka iyo yaizokwanisa kumisikidzana nemafashamu emvura aizouya aya. Kunyangwe mafashamu emvura aya akamedza maguta nekuparadza hupenyu hwevakawanda, areka yaNowa yakakwanisa kuchengetedza hupenyu hwevakarurama vayakange yakatakura. Ndiyo nzira yakashandiswa naMwari yekuponesa nayo avo vaitenda mavari. Isu tine chinhu chakanaka kudarika areka!

Apo urikusangana nemakusamira zvakanaka kwehupfumi hwenyika, matambudziko akasiyansiyana nekurwisana mukati meveruzhinji izvo zviri kuitika mazuva ano, zvakanakosha kuti usatye kana kuvhunduka. Kuti tikunde matambudziko aya, tinofanirwa kuva neshoko raMwari mumwoyo yedu, Kuvaneshoko raMwari matiri kunokonzeresa kubudirira zvisineyi nematambudziko anenge achisanganwika nawo munyika. Ramba kunyudzwa mukati mematambudziko arikusanganwika nawo mazuva ano, idya shoko raMwari unozviona uchiyangarara uripamusoro pedambudziko rese!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndirikutema chirevo chekuti shoko raMwari rinogaramandiri nehuchenjeri hwavo. Ndinonyudza mweya wangu mushoko raMari uye unoyangarara seareka yaNowa. Zvese zvanokonzeresa kudonha kwemabhizimusi, mabasa nemari kuvamwe vanhu ndizvo zvichakonzeresa kusimudzirwa kwangu nezitaraJesu!**

### MAVHESI EKUVERENGA

VaHebheru 4:12

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Mapisaremas 106-107



**1 Petro 2:24**

**Iye wakatakura amene zvivi zvedu pamuviri wake pamuti, kuti isu kana tafa kuzvivi tiraramire zvakarurama, iye wamakaporeswa nemavanga ake.**

Kana tiri munyika tinodzidziswa kuti hurwere matenda nemamwewo matambudziko zvinhu zvinowanikwa pakurarama. Asi zvinhu zvakadai hazvibvumirwe kuti zviwanikwe muhupenyu hwako paurikufamba naKristu! Bhaibheri rinotidzidzisa kuti pawakatambira Ishe Jesu Kristu muhupenyu hwako, wakabva waramba kuvamunhuwo zvake! Bhaibheri rinoti wakapihwa zvinhu zvese zvinoita kuti uve nehupenyu hwakanaka, nehumwari. Saka hurwere nematemnda hazvina nzvimbo muhupenyu hwako semwana waMwari!

Mutestamende yakare finoona kusabereka kuchiopedzwa mukati mevanhu, vakafa vachimutswa kubva kuvakafa nemimwewo minana yekuporesa ichiitika. Mutestamende itsva finoona mweya waiita minana iyi achienderera mberi nebaso, asi avekushanda ari mukati mako! Mweya mumwe chete wakamutsa Ishe Jesu kubva kuvakafa mupenyu uye arikufema arimukati mako! Mweya Mutsvene paakangopinda mukati mako wakabva wapihwa simba rekudzinga hurwere kuburikidza nemashoko chete aunenge wataura. Mwari vakaita kuti kuporeswa kuve nyore sekufema; saka kubvira nhsi, chitanga kutaura nezvekuporeswa munzvimbo dzese dzehupenyu hwako!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndirikugamuchira kuporeswa kwangu nhasi! Mwari vakaita kuti kuporeswa kwangu kuve nyore sekufema! Hapana chine simba rekundikuvadza kana kundiparadza nezita guru raJesu!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Mateo 10:1

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 1 Makoronike 13-16

**1 Johani 2:15-17**

Musada nyika kunyangwe nezvinhu zvirimunyika. Kana munhu achida nyika, rudo rwaBaba haruzi maari. Nokuti zvose zvirimunyika, zvinoti kuchiva kwenyama, nokuchiva kwameso, nokuzvikudza kwehupenyu, hazvibve kuna baba. Nyika inopfuura nokuchiva kwayo, asi anoita kuda kwaBaba anogara nokusinga pere.

Ndirikuda kuti uzive kuti Kristu mupenyu, uye arikufema achishanda arimukati mako! Pawakangomutambira chete satenzi nemuponesi wehupenyu hwako, wakabva watambira hunhu hwake, netsika yake yehumwari! SemuKristu unofanirwa kudzidziswa mararamiro matsva aunofanirwa kuita neshoko raMwari! Kunyangwe tiine mararamiro akasiyana nehunhu hwakasiyana, uye

fichida zvinhu zvakasiyana, yese firi vateveri vaMwari mumwe chete anova Jesu Kristu! Bhaibheri rinoti upi neupi anogara muuna Kristu anoganirwa kutevedzera mafambiro aakaita!

Huipi muvanhu hwazara uye tese tiri kuzviona! Semwana waMwari ramba kutambira zvido netsika dzirimunyika, nekuti wave neruzivo rwemararamiro aJesu Kristuawave kufanira kutevedzera! Nehunhu hwaKristu mauri unotanga kurarama mwaka une zvakawanda, maropafadzo nekuzadziswa.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndakatokunda kare muhondo iripakati pamararamiro epanyika neaKristu! Ndakatokunda nyika nezvese zvenyama zvainoda nezita guru raJesu! Amen.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

VaRoma 12:2

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Mapisaremas 1-2, 15, 22-24, 47, 68

**Jakobho 5:16-17**

... kukumbira kwomunhu wakarurama kunesimba guru pakubata kwako. Eriya wakanga arimunhu sesu akanyengetera nomunyengetero kuti mvura irege kunaya, ikasanaya panyika makore matatu nemwedzi mitanhatu.

Kana bhaibheri richitaura pamusoro pemunhu anenge akarurama rinenge richireva iwe wakaberekwa patsva. Neruzivo rwatave narwo urwu, vhesi ranhasi ririkutiratidza simba rinekunyengetera pakushandura mamiriro anenge akaita zvinhu.

Munyengetero waEriya wakange uine simba, zvichireva kuti aiita nemwoyo wese, uye aienderera mberi nekunyengetera. Akanyengeterera

shanduko ikavapo, matenga akapindira.

Ukatora hutongi kuburikidza nekunyengetera unoona bhizimusi rako rave kutanga kukura kita mukaka nehuchi uye bhanga rako nemari dzako zvinobva zvagadzirisika. Chiripo here chauri kuda kuti chishanduke gore rino? Zvisineyi nezvaunenge uchipindana nazvo enderera mberi uchingo nyengetera uineruzivo rwekuti uchakunda nekushandura mamiriro ezvinhu neminyengetro yako!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndinotonga zvinhu zvese zvirima maererano nehupenyu hwangu. Hakuna change chichakonewa nekuti ndini ndadaro nezita raJesu Ameni.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Genesisi 1:28

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Mapisaremas 89, 96, 100-101, 105, 132

**Genesisi 4:15**

**Jehovha akati kwaari, Naizvozvo ani naani anouraya Kain achatsiwiwa kanomwe, Jehovha ndokuisira Kaini chiratidzo kuti munhu anozomuwana arege kumuuraya.**

Bhaibheri rinoitudza kuti dangwe raAdhamu na Evha, Keini nemuninina wake Abhero vakapa zvipiriso kuna Mwari. Chipo chaKeini chaakaita icho chakange chisina hanya chakarambwa naMwari vakatambira chaAbhero. Izvi zvakakonzeresa kuti Keini aite shanje zvekuti akabva auraya munini'ina wake Abhero; kunyangwe mamiriro ezvinhu ange adai, Mwari vakaenderera mberi nekupa nyasha kunaKeini kuburikidza nekumuisa kwavakaita rupawo, rwekuti upi neupi aizomukanganisira aizowana shamuyaMwari yakapetwa kanomwe!

Paunongo tanga kuva muteveri waJesu, unogamuchira rupawo rwaKristu, zvisineyi nekukanganisa kwako kana zvitadzo zvako, zvichireva kuti muvengi anoedza kukukanganisa anenge achirwaisana naMwari, inova hondo yavasingambofa vakahwina! Mufungo uyu unotsigirwa nemuApostora Pawuro avo vakati, "Kubvira nhasi ngakusave nemunhu anon-dishungurudza nekuti ndinemavanga aJesu pandiri!" Naizvozvo kubvira nhasi, hakuna chero munhu anokutambudza nekuti unerupawo rwaJesu pauri!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndakatakura rupawo rwaKristu pandiri! Muvengi upi neupi ari-kuedza kundiparadza achasangana nekudzoserwa kwehasha dzaMwari kakapetwa kanomwe! Hakuna chero MUNHU anond-ikunda! Semabudiro anoita zuva mazuva ese, handikundikane nezita guru raJesu!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

VaGaratiya 6:17

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 2 Samueri 6-7, 1 Makoronike 17



**Genesisi 2:18-22**

Jehovha Mwari akatizve, Hazvina kunaka kuti munhu agare ariwoga; ndichamuifira mubatsiri akamukwanira... Ipapo Jehovha akavatisa munhu hope huru akavata akatora rumbabvu rwake rwumwe akadzivira nyama panzvimbo yarwo. Norumbabvu urwo Jehovha Mwari rwaakatora pamunhu akaita mukadzi narwo akamuisa kumunhu.

Kazhinji kacho unogona kutsvaga nzira dzakasiyana siyana dzekugadzirisa nazvo zvaunosangana nazvo muhupenyu hwako zuva rega rega, usina kucherechedza kuti mhinduro unenge uinayo mauri, mukati mako yekugadzirisa zvese! Bhaibheri rinotidza kuti munhu wekutanga Adhamu, akasangana nekusururwa kwakakura, asingazive kuti chaizopedza kusuru-

vara kwake change chakaiswa nechekare mukati make naMwari!

Mwari vakakupa hutongi pamusoro pechese chinoitika muhupenyu hwako! Semwana wa Mwari wakagara pamwe chete nalshe Jesu Kristu kumatenga. Unenge uchitokanganisa zvauri muna Kristu kana uchibvuma kurarama hupenyu hwekutambudzika nekushaya! Wave kuziva here kuti uri ani muna Kristu? Urichiratidzo chekubudirira; uri mbiri yaMwari; unesimba rekuporesa, zvekuti unogona kuporesa muviri wako wese! NDIWE ANOGADZIRISA ZVESE ZVINONETSA!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**NDINOZIVA KUTI NDIRI ANI MUNAKRISTU! Ndiri mugadzirisi wezvese zvinonetsa muhupenyu hwangu! Mwari vakandipa svumbunuro yekuvhurisa nayo chero ripi gonhi rakavharwa muhupenyu hwangu, Gore rinondichavhundutsa munhu wese akambenge asinachivimbo nenei, nezita raJesu! Amenii.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

2 Petro 1:3-4

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Mapisaremas 25, 29, 33, 36, 39

**VaRoma 12:1**

**Naizvozvo ndinokumbira zvikuru kwamuri hama dzangu netsitsi dzaMwari kufi muise miviri yenyu chive chibayiro chipenyu chitsvene chinofadza Mwari ndiko kunamata kwenyu kwomwoyo.**

Paunozvarwa patsva unenge wave nebasa rekuchengetedza muviri wako unova ndiwo temberi yaMwari. Zvirikwauri kuuchengetedza uine hutano hwakanaka uye wakasimba, kutira kuti Mwari agoushandisa. Wakaipa achayedza kukanganisa muviri wako, asi iwe ndiwe unesimba rekumurambidzane kumumisa.

Rangarira kuti vhesi redu ririkuti: "Muise miviri yenyu chive chibayiro chipenyu." Mwari vanokupa mvumo yekutonga

muviri wako. Ndosaka uchiona mamwe maKristu anenge aina Mweya Mutsvene achinetsika nehurwere. Zvinokonzereswa nekuti ndivo vanotonga miviri yavo. Mwari vanemvumo yekutonga muviri wako asi vakakupa basa rekuti uvachengetere. Nhasi shandisa shoko raMwari utange kutonga imba yako, unova muviri wako. NDIWE URUKUTONGA, zvinhu zvese zvirikukushandira!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndini ndirikutonga; hurwere hausichikamu chezvandiri. Ndirichisikwa chitsva muna Kristu, uyo akandipa hutano hwekudenga. Ndinoramba kurwara! Ndinorarama hupenyu hwemukaka nehuchi uye Mwari vanondichengeta ndiine hutano hwakanaka Hareruya!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

1 VaKorinde 6:19-20

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 2 Samueri 8-9, 1 Makoronike 18

**Zvirevo 24:16**

**Nokuti munhu akarurama angawa kanomwe achisimukazve, asi vakaipa vanowisirwa pasi nenjodzi.**

Kustungirira kunodikanwa kuti kuvapo kune avo vanoda kubudirira muhupenyu! Bhaibheri rine nyaya yemumwe mukomana wechidiki ainzi Josefa uyo akange aine chipo chekududzira hope. Vakoma vake vakamuitira shanje vakamutengesa kuti avenhapwa kunyika yeljipiti. Josefa akasangana nedambudziko munyikaiyi paakapomerwa zvaakange asina kuita akaiswa mujeri. Asi kugona kwake kududzira hope, kwakasvika munzeve dzaFaro, izvo zvakaita kuti asimudzirwe akapihwa chinzimbo chekutonga, ariwepiri kubva kumutungamiri wenyika, munyika iyi!

Josefa mumwe wevanhu vakawanda vanoverengwa nezvavo mubhaibheri avo vanoratidza kukosha nesimba rekutsungirira. Hazvinei kuti mamiriro ezvinhu muhupenyu hwako kuti anenge akaita sei, rangarira kuti zvinhu zvese zvinoshanda munezvakanaka kune avo vanoda Mwari! Svondo rino ripedze uchisimbisa kuti Ihe Jesu ndiye mutungamiri wezvese zvaunosangana nazvo muhupenyu nehupenyu hwevemhuri yako. Uchaona ruoko rwaMwari rwakasimba, rwuchiita minana muhupenyu hwako!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**NDINORARAMA HUPENYU HWEKUTSUNGIRIRA. ZVISINEYI NEZVANDINOSANGANA NAZVO MUHUPENYU ndinokunda zvinodarikidza tarisiro yemunhu wese. Mugore rino remukaka nehuchi, MAZISO ANGU ACHAPUPURA NEZVEKUNAKA KWAMWARI! Hareruyah!**

### MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 28:8

### Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Mapisaremas 50, 53, 60, 75

**Dhanieri 12:3**

**Vakachenjera vachapenya soku-  
penya kokudenga uye vanodzore-  
ra vazhinji kukururama vachapenya  
senyeredzi nokusingaperi peri.**

Hakuna chimwe chinhu chinofadza kudarika kufadza Mwari nekuzadzikisa kuda kwavo kwekuti vakarasika vaten-  
deuke. Haungazviti urimuKristu akana-  
ka usingakoshese basa rako rekushu-  
maira Evhangeri kune vamwewo vanhu.

Ishe Jesu vakatsanangura chikonzero chakaita kuti vavuye pane rino pasi vachiti, "Nekuti Mwanakomana we-  
munhu akauya kuzotsvaga nekupone-  
sa vakarasika (Ruka 19:10). Urikuzviona here izvi? Kana tichiti tiri vaKristu, basa raakavinga ndiro rinofanira kuvawo

redu.

Sema Kristu takadaidzirwa kuzadzikisa basa rekuyanana vakarasika naMwari, zvekuti anenge avemagariro edu, kwete chinhu chinoitwa tirimuchikwata senhengo dzekereke. Mukaka nehuchi mucherechedzo wekuwana zvakawanda, maropafadzo nekuzadzikiswa. Goverana neumwe munhu ruponeso nhasi!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndiri kuita basa raMwari uye ndakadaidzirwa kuita basa iri pan-  
guva ino yandiri kuriita! Nhasi ndirikushandisa mukana wese  
wandichawana kuti ndibatsire mumwe munhu kuti awane chi-  
po chakakosha cheruponeso. Amenii.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Mateo 28:19

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 2 Samueri 10, 1 Makoronike 19, Mapisare-  
ma 20



### 1 Johani 5:4

**Nokuti chinhu chipi nechipi chinober-ekwa naMwari chinokunda nyika, uku ndiko kukunda kunokunda nyika, ndiko kutenda kwedu.**

MaKristu akawanda anotaura vhesi riri pamusoro asinganyatso nzwisisa kuti “kukunda nyika” zvinorevei. Kana wakunda nyika unenge uinesimba nehutongi pamusoro pemitemo yenyika nezvinoifikamairi. Vara rekuti “kudzvanya” rinoreva kuisa chinhu pasi pehutongi hwako! Saka bhaibheri riruti semaKristu tirikutonga nyika nemitemo yayo!

Semwana waMwari, urimudyi wenhaka pamwe chete naKristu! Bhaibheri rinotidza kuti zvinhu zviripo nezvichauya ndezvako. Saka ndirikukurudzira kuti

upote uchiti, “Ndinehutongi pamusoro pezvinhu zvose... nyika ndeyangu!” Unepepa remutemo rinokupa kodzero yekutonga nyika, rinova shoko raMwari! Saka hazvinei kuti chii chinenge chichitora nzvimbo munharaunda mako, unesimba rekushandisa zvese zvirimunyika kuti zviite zvauri kuda!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndiriwa Mwari uye ndakakunda nyika! Ndiri munhu waMwari, uye Kristu anogara mandiri. Mwari vakandipa hutongi pamusoro pezvinhu zvese zvinechekuita nehupenyu nehumwari. Hapana chandinoshaya; hupfumi hwangu haunamagumo, uye haufungidzirike kanakuverengeke. Ndakakunda simbarese raiedza kundimukira nezita guru raJesu!**

### MAVHESI EKUVERENGA

1 VaKorinde 3:21-22

### Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Mapisaremas 65-67, 69-70

**3 Johani 1:2**

**Mudikanwa ndinoshuva pamusoro pezvinhu zvose kuti ubudirire, uve wakasimba somweya wako uchibudirira.**

Mwari vanechirongwa chinoshamisira pamusoro pehupenyu hwako, uye ndechekuti uwane rugare nepfuma zvakaperera. Vanoda kuti ubudirire panezvese zvine chekuita nehupenyu hwako, mumweya, muhutano nemumari yako. Unogona kunge uinekutenenda kuchikubatsira panezvimwe zvinhu asi uchinetsika nehutano uye uine dambudziko rekushaya mari. Mwari vanoda kuti uve nezvese zvakakwana muhupenyu hwako – zvinoti mumweya, panyama, nepakuwana. Ndiwo chinangwa chaMwari chekuti urarame hupenyu hwakapfumbira,

uinezvese zvakakwana.

Vhesi iri rinotaura zvakare kuti kupfuma pamweya ndiko kwakakoshesesa. Mwari vanoda kuti ubudirire pamari, uye nepanyama, zvakare vanoda kuti uve nehutano hwakanaka. Kana urimutano haude kuporeswa nekuti unenge usingarware. Zvinhu zvinofadzaka izvi? Chiita kuti zviitike muhupenyu hwako kuburikidza nekurarama hupenyu hwako hwese urimushoko raMwari, riverenge, funganezvaro, rinobva ravechiyedza chinokutungamirira kuti uwane pfuma yako izere.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndiri munhu weshoko uye ndirikutema chirevo chekuti ndinepfuma yakazara kuburikidza neshoko raMwari nezita raJesu. Amen.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

VaFiripi 4:19

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 2 Samueri 11-12, 1 Makoronike 20

**VaRoma 1:16**

**Nokuti handinyari pamusoro peEvhangeri, nokuti isimba raMwari rokuponesa mumwe nomumwe anotenda, kutanga muJudha uye muGiriki wo.**

Nhau dzakanaka dza Ishe wedu Jesu Kristu ndidzo chete dzinokwanisa kushandiswa kutendeutsa vakarasika kuti vavewo nehupenyu hwekubwinya nekururama. Hakuna imwe nzira ingashandiswe! Kuudza vanhu nezveEvhangeri nekururamiswa kwavanowaniswa naMwari ndiyo chete nzira inoita kuti vakarasika vatendeuke. Dzimwe nzira hadzinyatsoshanda asi kuparidzira munhu Evhangeri ndiko kunoita kuti abvume kutendeuka.

Ndipo paunodiwa apa. Kana uchirikunetseka nekuszavira basa raungaite mumba maMwari, kune basa rinofanirwa kuitwa nemunhu wese ritoripo nechekare, uye nderekutendeutsa vakarasika vasati vatambira Jesu. Waka pihwa basa rekuendesa Evhangeri kumagumo enyika, uye basa iri hariitwe nevatungamiri vekereke chete, asi kuti rinoitwa munhu wese uye unofanira kuriita uine hushingi, kutenda, usingatyi uye uchitenda mune zvaunenge uchiita. Usambonyara kanakuzenza paunenge uchiparidza pamusoro paKristu nevhangeri yeruponeso. Usanyare pamusoro pehukama hwako naye, uye usabvumire chero upi munhu zvake kuti akukonzereze kuti unyare pamusoro pezvaunotenda mazviri.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Handinyare kutaura nezvevhangeri raKristu! Ndiro basa rakakoshesesa muhupenyu hwangu uye ndinoriita nemwoyo wangu wese. Amenii.**

### MAVHESI EKUVERENGA

Dhanieri 12:3

### Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Mapisaremas 32, 51, 86, 122

# GOODNEWS NATION EXHIBITION 2023

WITH PROPHETS  
**UEBERT & BEBE ANGEL**

The annual GoodNews Nation Exhibition features all of the exploits and achievements of the GoodNews World Ministry including the well renowned GoodNews Daily Devotional which has made a huge impact across the world. The event takes place during the Annual Exodus Crossover Season with The Commander-in-Chief of The GoodNews World, Prophet Uebert Angel.

The GoodNews Nation Exhibition helps expand the vision and inspires faith for the future of our leaders and our partners.





The Lord has called us to fulfill a very definite purpose, which is to take His divine presence to the peoples and nations of the world, through the vehicle that is The GoodNews Daily Devotional and to demonstrate the character of His Spirit everywhere.



**Mapisarema 105:1**

**Vongai Jehovha, mudane zita rake. Zivisai zvaakaita pakati pendudzi zhinji.**

Kupupura kwako kune simba rekuunza shanduko muhupenyu hwako nehwevamwewo vanhu! Saka basa rekupupura zvaunenge waitirwa naMwari nderako! Vhesi riri pamusoro ririkutikurudzira kuti ti dane zita raJehovha, nekuzivisa nyika dzakawanda pamusoro pezvaanenge atiitira. Nemamwe mazwi, ENDA UN-ODZA MUMWE MUNHU! Mweya yese yerima haikuzive, uye haizive anogara mauri. Saka chinhu chekutanga chaunofanira kuita pese paunopinda panzvimbo, kupupura. Paunopupura unobva watumira zviziviso kunyika yemweya izvo zvinokonzeresa kuti zvisikwa zvese zvizive kuti urimwana waMwari, uye kuti mukati mako une simba raMwari ririkushandamo!

Kuburikidza nekupupura kwakouko kunounza shanduko, unobva wato-simbisawo vamwe vanhu kuti kutenda kwavo kusimukire, vawanewo minana ichiitikawo kwavari! Bhaibheri rinoti kuburikidza nekupupura kwedu finokunda zvese zvingade kutimukira. Saka rangarira kuti dingindira redu gore rino ririkuti mukaka nehuchi, zvichireva kuti unofanira kupupura zuva rega rega gore rino! Uchaenderera mberi uchipupura nezita raJesu!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndichapupura kwese kwandinoenda ndichiudza nyika dzakasiyana siyana pamusoro pezvandirikuitirwa naMwari. Ndi-chashandura mamiriro ezvinhu muhupenyu hwangu kuburikidza nekupupura kwangu! Pese pandinopupura madhimoni anozadzwa nekutya. Gore rino ndichapupura nenzira yandisati ndamboita! Ndirikuti hokoyo kuvashandi verima!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Zvakazarurwa 12:11

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 2 Samueri 13-15

**Mateo 5:14**

**Imi muri chiyedza chenyika. Guta rakavakwa pagomo haringavanziki.**

Uri chiyedza chenyika! Chiyedza chiororatidza kwaunenge uchiyenda; uye basa rako semuKristu nderekuratidza nzira kune avo vakarasika kuti vanofanirwa kurarama hupenyu hwavo sei, zsevinongoita chiyedza! Ndiwe unofanirwa kuvaratidza kuti vanobudirira sei, uye kuti unova chiyedza sei zvisinei nekuti unenge urimurima rakadii. Kristu akatopedza chikamu chake, paakawanira vanhu vese ruponeso, kuburikidza nekufakwake nekumuka kubva kuvakafa! Unebasa rakakura rekurarama hupenyu hunechiyedza nekuudza nyika dzese pamusoro pesimba ravo rekuponesa!

Sechiyedza chinenge chichipenya, unodzanga rima kwese kwaunenge uchiyenda, zvichireva kuti kushaya, hurwere nezvimwe zvakaipa hazvina nzvimbo muhupenyu hwako kana mumhuri mako! Chiita kuti Evhangeri rigare richipfuta mauri uye kuburikidza newe! Uri mumiriri waMwari pane rino pasi! Chiratidza kuva muenzaniso uyu kuburikidza nematauro ako, nemagariro ako. Uri chiyedza uye uri tariro yenyika, chiyedza chisingahwandisike! Chiratidza kuti mukaka nehuchi zvirimo muhupenyu hwako. Hareruyah!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Hupenyu hwangu hunopenya. Chiyedza change chinodzanga rima. Ndakaita seimba yechiyedza inenge ichiratidza nzira kuvakarasika! Ndirimumiriri waMwari pane rino pasi! Chiyedza change chichapenyesea gore rino. Amenii.**

### MAVHESI EKUVERENGA

Johani 8:12

### Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Mapisaremas 3-4, 12-13, 28, 55

**Zvirevo 23:18**

**Nokuti zvirokwazvo mubayiro uripo. Chawakatarira hachingaparadzwe.**

Kana tavekutaura nyaya dzemweya tinoti kutenda kunounza minana yakawanda uye tarisiro ndiye nyamukuta wacho. Nemamwe mazwi kana uchida kuti munana wako ukurumidze kuuya unofanirwa kuva nanyamukuta anokubatsira!

Unoona kana uchitarisira kuitika kwezvisingaitike, unoona zvinosimboitika zvichiitika nemhando yepamusoro isinganzwisike. Hazvinei kuti hapana chirikuitika izvezvi muhupenyu hwako, hazvinei kuti wadzingwa basa. Kana ukava netarisiro, iye wacho anga asina chaanacho ndiye anozoshandiswa naMwari kuti ahandure hupenyu hwe-

vamwe vanhu, kuburikidza nekumuropfadza kwavanenge vaita. Shandisa zvimbiso zvirimushoko raMwari kwese kwaunoenda uine tariro ugorarama hupenyu hwemukaka nehuchi kubvira nhasi!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Pandiri kutarisira zuva ranhasi ndakazara netarisiro yekuti kune zvinhu zvikuru zvirikuzoitika kwandiri. Munana wangu hasisiri pakona as watosvika! Ndirikudzoka kumba ndichipupura! Mbiri.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

VaFiriipi 1:20

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 2 Samueri 16-18



### 1 VaKorinde 2:12

**Zvino isu hatina kugamuchira Mweya wenyika, asi Mweya unobva kuna Mwari kuti tizive izvo zvatakangopihwa hedu naMwari.**

Kana urikurarama hupenyu hwakangofanana nemunhuwo zvake, urikukanganisa nekuti hazvisirizvo zvinodiwa naMwari pamusoro pako! Semwana waMwari unofanirwa kurarama hupenyu hwako uripamusoro pezvajakairika munyika; saka zviito zvako zvinofanirwa kuenderana nezvawakadaidzirwa naMwari kuti uve! Ramba hupenyu hwakaita sehewemunhuwesewo zvake, kunyangwe mari, rufaro nehutano, zvinofanira kunge zvirizvepamusoro. Bhaibheri rinoti, wakapihwa zvinhu zvese mahara! Saka vanoda kuti urame hupenyu hwepamusoro

ro pematambudziko arimunyika ino, husina KUJAIKA!

SemuKristu, hakupana chinhu chaunoda chausina kupihwa kare naMwari. Kuburikidza nekukura kwaurikuita mushoko raMwari, uchadzidza pamusoro pezhvinhu zvese zvawakapihwa naMwari. Paunorarama hupenyu hwako wave kuziva nhaka yayinayo semuKristu, uchaona kuti zvinhu zvinoitika kumunhuwese zvinenge zvisisaitike muhupenyu hwako! Shandisa zodzo raMweya Mtsvene mazuva ese, uye ukure mushoko raMwari ugoona hupenyu hwako huchishanduka kubva kunezvajakairika hwoita hwepamusoro!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**NDIRIKURAMBA HUPENYU HWAKAJAIKA. Ndirichisikwa chedenga, saka ndinorarama hupenyu hwepamusoro, hwemukaka nehuchi zvinofachukira. Ndaka zvarwa naMwari uye ndinorarama hupenyu hwangu saivo. Amenii.**

### MAVHESI EKUVERENGA

1 VaKorinde 3:21

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Mapisaremas 26, 40, 58, 61-62, 64

**VaGaratiya 4:1**

**Zvino ndinoti mudyi wenhaka kana achiri mwana haatongosiyani nomuranda, kunyangwe ari Ishe wazvose.**

Kune zvimwe zvinhu zvirimubhaibheri zvinogona kukupotsa kana ukasararama hupenyu hwako uchitevedza hunhu hwaMwari huri mauri! Nanhasi chivimbiso chaMwari chekuti vararama hupenyu hwemukaka nehuchi, chichiripo sezvazvaiva kare, asi unofanirwa kusarudza kurarama hupenyu hwako saizvozvo. Vhesi ranhasi ririkuti zvirikwauri semuKristu kuita sarudzo yekuti uchararama hupenyu hwako semudyi wenhaka here kana kuti semushandi? Ukaramba uchigara panzvimbo yekusaviza kuti uriani nekozero dzako semuKristu anoziva zvimvimbiso vaMwari muhupenyu hwake, unoramba urimwana uye uchirarama semushandi.

Kana ukararama semudyiwenhaka, hapana chaunoshaya nekuti haisi nhaka yako kushaya chinhu semwana waMwari! Ita sarudzo yekukura kubva kuhwana, wova mudyi wenhaka, anoshandisa chivimbiso chese chaakapihwa naMwari!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Hunhu hwaMwari huri mandiri; saka handimbofa ndakararama hupenyu hwangu semushandi. Hupfumi ndehwangu, hare-ruyah!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Mapisarema 32:8

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 2 Samueri 19-21

**VaFiripi 4:6-7**

**Musafunganya pamusoro pechinhu chimwe, asi pazvinhu zvose mikumbiro yenyu ngaiziviswe Mwari nokunyengetera nokukumbira, pamwe chete noku-vonga. Zvino rugare rwaMwari rwunopfuura kunzwisisa kwose rwucharinda mwoyo yenyu nemifungo yenyu muna Kristu Jesu.**

Kazhinji kacho unosangana nematambudziko akawanda muhupenyu hwako nekuti hauzive kuti unoagadzirisa sei nekuti unenge usina kudzidziswa kushandisa simba rekunyengetera! Mwari haana kuti tinofanirwa kungonyengetera chete, asi kuti kunyengetera kunesimba rakuinako! Kurarama hupenyu semuKristu anenge asinganyengetere, kwakafanana nekuenda kuhondo usina chombo chekurwisa

nacho! Pese paunonyengetera unenge uchitogadzirira kusangana nechero chipi chinhu chaunorwisa nacho nemuvengi!

Vhesi redu riri kutizivisa kuti paunopa kutenda kuna Mwari uye wonyengetera, kufunganya kunobva kwapera wowana runyararo rwaMwari rwunodarika kunzwisisa kwose urwo rwunobva rwarinda mwoyo wako zvisineyi nedambudziko raunenge uchisangana naro. Shandisa simba rekunyengetera nhasi!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Pandinonyengetera, zvinhu zvinoshanduka! Ndinogadzirira kusangana nechero chinhu muhupenyu hwangu kuburikidza nesimba riri muminyengetero yangu. Zvinokonzeresa kuti runyararo rwashe rwumedze hupenyu hwangu nezita raJesu! Amen.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Ruka 18:1

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Mapisaremas 5, 38, 41-42

**Muparidzi 9:11**

**Ndakadzoka ndikaona pasi pezuva kuti anomhanyisa haazi iye anokunda pakurwa, anesimba haazi iye anokunda pakurwa, akachenjera haazi iye anezvokudya, vanhu vane njere havazi ivo vane pfuma, vanhu vanehumhizha havazi ivo vanorarirwa vose nenguva nezvinoitika.**

MaKristu akawanda anokanganisa nekufananidza nzendo dzehupenyu hwavo nedzvamwe! Unonzwa vamwe vachiti, "Ndinoziva pangadai paane hupenyu hwangu," asi kunyangwe vazhinji vachitaura mazwi aya, anenge asiri aMwari! Vhesi redu ranhasi rinotiudza kuti anomhanyisa haazi iye anokunda. Kana uchifunga kuti hausati wasvika paunofanirwa kunge wave nehupenyu hwako izvezvi, hazvi-

reve kuti Mwari vakukanganwa kana kuti hauna kuvakoshera, kwete. Nguva yako nemukana wako zvichauyawa!

Mumitambo yekumhanya yemaOlympics vamhanyi vanokurudzirwa kuti varambe vakangotarisa mutsetse wepavanogumira, uye kuti vatarise vavanenge vachikwikwidzana navo, nekuti zvinogona kuvata-dzisa kumhanya. Ndizvo zvimwe chete newe, ukatarisa vamwe usingatarise hupenyu hwako unotadza kuona kwauri kuenda wozvinonotsa! Dzidza kutarisana nezvawakadaidzirwa naMwari kuti uve, usavenehan-ya nezvirikuitwa nevamwe!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndiri mumutsetse wangu! Ndoramba ndakatarisa panoperera mutsetse wangu; handitarise zvirikuitika kumativi pandinenge ndichimhanya uye ndatokunda nezita raJesu! Amen.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Isaya 26:3

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 2 Samueri 22-23, Mapisarema 57



**Ruka 5:16**

**Asi iye wakaenda mumarenje kunonyengetera.**

Zvirimyoze mazuva ano kukanganwa kuwana nguva uchiwadzana naMwari nekuti munyika mazara zvinhu zvakanwanda zvinovaraidza nekutora mwoyo. Unogona kurasikirwa nezvinhu zvakanwanda zvakanosha kana ukasakosha kuzvipa nguva yekumbogara uriwega. Zvakakoshera muKristu wese kuti azviwanise nguva yekunge ari ega naMwari. Ukange uriwega naMwari ndipo paunowana zvizaruro! Unoshamiswa iwe nezvaunowana zvinoshandura hupenyu hwako kana ukatanga kukosha kuva nenguva uri wega naMwari.

Mubhaibheri tinoona Ishe Jesu vachitora nguva zhinji vari vega naBaba! MuKristu wese anofanirwa kuedza nepese paanogona napo kumbozvipa nguva ari ega naMambo wemadzimambo! Tirikurarama mugore rakaporofitwa kuti richange riri remukaka nehuchi, zvichireva kutikuchange kuine kuwanzwa kwezvinhu, nemaropafadzo pamusoro pemapropafadzo! Chiita kuti maropafadzo aya abatike kuburikidza nekuwana nguva yako uri wega naMwari!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Pandiri kuzviwanisa nguva ndiri ndega naMwari, kubwinya kwavo pandiri kurikuwedzera, Ndirikushandurwa ndichibva pane chimwe chinhano chekubwinya ndichiendeswa pane chimwe nezita raJesu!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Mateo 14:23

### Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Mapisaremas 95, 97-99

**VaRoma 8:5-6**

**Nokuti vari voMweya vanofunga zvomweya; nokuti kufunga kwenyama ndirwo rufu asi kufunga kwomweya ndihwo hupenyu norugare.**

MaKristu akawanda anokanganisa paanofungidzira kuti kana wapa hupenyu hwako kuna Jesu Kristu unenge watopedza kuita zvese zvinodikanwa pahukama hwako naMwari. Asi, kupa kwako hupenyu hwako kuna Kristu ndiko kutotanga kwako kufamba naye, rwendorwaunosangana nezvakawanda zvakasiyanasiyana muhupenyu. Unofanira kugara uineruzivo rwekuvakwako mumwechete naMweya mutsvene nguva dzese. Mwari vakakusika, uye Mwari Mweya, zvichireva kuti mavambo ako semwana waMwari, Mweya! Kana uchida kurarama hupenyu hwako zvakana, unofanirwa kukunda zvinodiwa nen-

yama nguva dzese! Paunenge wamanikidzika, kana kuti kana wave kuda kuita chimwe chinhu, zvibvunze kuti zvirikubva kuna Mwari here, kwauri here kana kuti kuna Satani!

Bvunza mweyamutsvene pamusoro pedzidzo yako, basa rako wanano yako uye nezvevana vako! Ukabvumira mweya mutsvene kuti akutungamirire, unowana uchigara uine runyararo rwusinganzwisike uye rwusingawanikwe panyika. Kukunda kwako muhupenyu kunochabva mukugona kwako kunzvera zvinhu zvemweya. Chiona kuti waverenga shoko raMwari mazuva ese, wozvitsaura kubva kunevenyika, unona wave nesimba repamweya rakawanda!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndine simba rakawanda pamweyaNdinorarama hupenyu hwekutongwa nemweya waMwari, uye nyama yangu haina simba pese pandinenge ndave kuita sarudzwo**

**MAVHESI EKUVERENGA**

1 VaKorinde 2:14

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 2 Samueri 24, 1 Makoronike 21-22, Mapisarema 30

**Ruka 6:12-13**

**Namazuva iwayo wakabudira kugomo kundonyengetera akapedza husiku hwose pakunyengetera kuna Mwari. Zvino kwakati kwayedza akadana vazidzi vake akatsanangura kwavari vanegumi navaviri vaakatumidza zita rokuti vaapostora.**

Zvaunozvikomberedza nazvo zvaka-kosha zvikuru pakubudirira kwako! Vhesi redu ranhasi rirkuratidza kuti Ishe Jesu vaiziva kukosha kweavo vaiva-komberedza uye nezvaizobva musarudzo yavainge vaita. Tirikuvaona muvhesi iri vachipedza husiku hwese vachinyengetera zvichibva musarudzo yavainge vaita. Kazhinji kacho vatendi vano-zvikomberedza nevanhu vava-noonu kunge vakakodzera nekuona chimiro chavanenge vakaita panya-

ma vasina kunzvera pamweya! Usasarudze shamwari nekuti munofarira chirongwira chakafanana pachivhitivhiti. Sarudza vanhu vanoenderana nekudaidzwa kwawakaitwa pamweya.

Mubhaibheri munemufananidzo waDhanieri, uyo akasarudza shamwari dzaaiwirirana nadzo pamweya. Mambo paakatema chirevo chaigona kupinza Dhanieri padambudziko, Dhanieri akadaidza shamwari dzake kuti vanyengetere, Mwari akavapa mazano ekuti vaizobuda sei panyatwa iyi. Ndidzo shamwari dzaunofanira kuva nadzo, shamwari dzinokuswededza pedyo naMwari, dzinokudzidzisa kuita zvinhu zvakanaka.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndinotungamirirwa namweya Mutsvene pandinenge ndaveku-sarudza avo vanondikomberedza. Ishamwari dzinoita kuti ndi-ite mabasa akanaka kwete zvakaipa nezita raJesu!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Zvirevo 13:20

### Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Mapisarema 108-110

**2 VaKorinde 4:18**

**Tisingatarisi zvinoonekwa asi zvisingaonekwi nokuti zvinoonekwa zvino pfuura, asi zvisingaonekwi ndezvekusingaperi.**

Kana tichishandisa maziso enyama, tinoona kunge kunezvimhingamupinyi zvakawandisisa nezvinhu zvinonetsa zvakawanda zvinotikanganisa budiriro yedu, asi vhesi redu ranhasi ririkutiudza kuti zvinhu zvinoonekwa zvinopfura. Madziro ese aunasangana nawo parwendo rwekubudirira haarambe aripo! SemuKristu hauna chinogonakumira pamberi pako! Bhaibheri rinoti ari mauri mukuru kudarika arimunyika, zvichireva kuti hakuna dambudziko raunosangana naro rakakura kudarika Mwari anorarama nekushanda mauri!

Tinoona mubhaibheri vadzidzi vachiparidzira evhangeri renhau dzakanaka dzenyasha dzaMwari panguva apo vanhu vakange vasingade kunzwa nezvemaKristu zvekuti vaitosvika pakubarwisa nekuvauraya. Kuyangwe mamiriro azvinhu akange akadaro, basa rakaitwa nevadzidzi avakuhushe hwekudenga, rakakonzeresa kuvapo kweMaKristu akawanda pasi rese uye arikuenderera mberi achiwedzera. Ko sei zvichidaro? Inhau yekuti vadzidzi ava vakaramba kubvuma kumiswa nezvimhingamupinyi zvakange azviripamberi pavo. Ramba kuona zvimhingamupinyi zviri pamberi pako, izvo zvirikudakukanganisa munzira yako yekuhupenyu hwemukaka nehuchi!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Hakuna chinogona kundiparadza! Ndinoramba kuona zvimhingamupinyi zvinenge zvaiswa naSatani pamberi pangu. Handimbofa ndakakundikana. Mbiri. Amenii.**

**MAVHESI EKVURENGA**

1 Johani 4:4

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 1 Makoronike 23-25



### 1 King 18:43-44

**Akati kumuranda wake; Chikwira zvino utarire kurutivi rwegungwa. Akakwira akatarisa akati Hakuna chinhu. Akati; Endazve, kanomwe. Zvino panguva yechionomwe akati; Tarirai kune gore duku, rinokwira richibva mugungwa, rakafanana nechanza chomunhu. Akati; Enda undoti kuna Ahabi, Sungira ngoro yenyu uburuke, kuti murege kudzivirirwa nemvura.**

Nyika yelsraeri yakange yasangana nedambudziko renzara kwemakore akawanda kusvikira muPorofita Eria akazotema chirevo achiti," ndirikunzwa ruzha rwemvura yakawanda irikuuya." Kwakange kusina mvura yaioneka panyama, uye maungira emvura akange asinganzwe panyama, asi munyika yemweya Eria akanzwa mvura yaiuya iine ruzha rwakawanda, uye ichigadzirira

kuti inaye! Zvisineyi nekutaura kwakange kwaita muPorofita Eriya, mvura iyi haina kubva yanaya ipapo ipapo. Mutumwa waEriya akatumwa katanhatu kunotarisa mvura achiishaya, kusvikira azoona kakore kadiki!

Vazhinji vanoita dambudziko rekutsvaga mvura kuti inaye ipapo ipapo! Usatadze kuona zvinotaurwa naMwari kuratidza kuti mvura inenge yasvika! Dzidza kutenda Mwari nepaakusvitsa pahupenyu. Pekutanga unogona kufunga kuti basa rako harina kukosha asi ndiro rinofanira kukusimudza rokuisa pazvinhu zvikuru zvinenge zvichiuya. Ramba uchishingairira usanete. Ongorora utsvage zviratidzo zvemukaka nehuchi, izvo zvinosimudzira kutenda kwako, zvakanwanda zvinozotevera!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndinoziva kuti Mwari varikundigadzirira zvinhu zvakanwaramuhupenyu hwangu! Ndirikuzokoshesa kakore kese kandichaona gore rino nezita guru raJesu! Amen.**

### MAVHESI EKUVERENGA

Jeremiya 29:11

### Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Mapisarema 131, 138-139, 143-145

**Mateo 28:19-20**

**Endai naizvozvo, mudzidzise marudzi ose, muvabhabhatidze muzita raba-ba, neroMwanakomana neroMweya Mutsvene. Muva dzidzise kuchengeta zvose zvandakakurairai ini, tarirai nd-inemi mazuva ose kusvikira pakuguma kwenyika. Amenii.**

Wakadaidzirwa kuti utendeutse nyika dzakawanda! Ibasa rako semwana waMwari kuti usimudzire hukuru hwaKristu munzvimbo kana muguta raunogara kuburikidza nekupupura kwako pamusoro pehushe hwaJesu Kristu kwese kwaunenge uchienda! Basa rekutendeutsa vakarasika rakapihwa kumuKristu wese, zvisineyi nemakore ekuberekwa, basa raanoita kana zvaanenge akanganisa. Tinoona Pawuro mubhaibheri, uyo amboshungurudza maKristu, asati apa hupenyu hwake kuna Kristu, ave kuita basa raMwari nenzira inoshamisa, pasi rese sezvo akatendeutsa nyika dzakawanda kuti dzigamuchire Jesu Kristu.

kwa zvese, zvichireva kuti unokwanisa kuparidza shoko chero paunenge uri! Kungave kuzvikoro, kubasa rako kunzvimbo yekudyira chero kwaunenge uri, unogona kutendeutsa vakarasika kuti vauye kuna Mwari. Mwari vanogara vainewe nguva dzese, saka usatye kurambwa kana kutyichidzirwa nechero upi munhu kana wave kushumira. Wakasikirwa basa iri!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndirikukoshesa basa rekutendeutsa vanhu kubasa kwangu, kuchikoro nemuguta! Nyika dzichaziva zita raJesu Kristu nenzira inoshamisa kuburikidza neni. Gore rino vanhu vachandipa zita rekuti MUTUNGAMIRI PAKUTENDEUTSA VANHU!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Mako 1:15

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 1 Makoronike 26-29, Mapisarema 127

**Mapisarema 1:3**

**Achafanana nemuti wakasimwa pahova dzemvura, Unobereka michero yawo nenguva yawo. Mashizha awo haasvavi, Chinhu chipi nechipi chaanoita chichaendeka.**

Kune mamwe maKristu anoti, "Hatifanirwe kutarisira zvakanaka chete kubva kuna Mwari, tinofanirwa kutarisirawo zvakaipa nekuti hupenyu imhindupindu." Ukundiko kunonzi kuvhiringidza zvirimuEvhangeri yaMwari nekuti Mwari haasiriye anounza zvakaipa nekutambudzika kuvanhu. Zvinoshuvirwa naMwaripamusoro pehupenyu hwako, zvakatounzwa naKristu Jesu, uye uku kuti ugarike uine zvese zvaunoda pakurarama kwako, kusanganisira mari nezvimwewo zvakanaka!

Unoona munhu wese akaberekwa munyika ino haana kunzi anofanirwa kuva murombo, kurwara, kugara achifunganya kana kutambudzika Asi kuda kwaMwari ndekwekuti munhu wese anofanirwa kubudirira aine hutano hwakanaka (3 Johani 1:2). Vanotsvaga kuti uve nerugare mumweya wako, mupfungwa dzako nemumuviri wako. Ndosaka usingafanirwe kutambira hurwere, hurombo kana kukundikana muhupenyu hwako. Zvavanoda kuti zviitike kwauri zvakakura kudarila kuwana mari, Chiporofita chegore rino chekuti uchavanemukaka nehuchi, chinofukidzira zvese zviru maererano nehupenyu hwako. Mbiri kuna Mwari!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndinorarama hupenyu hwangu ndiri pamusoro pezvese zvin-gaitike muhupenyu hwangu. Kugarika ndekwangu, nemari nazvimwewo zvinhu zvakanaka zvandisinga fungire, nezita raJesu!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Zvirevo 4:19

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Mapisaremas 111-118

**Dhuteronomi 29:5**

**Ndakakutungamirirai murenje kwe-makore anamakumi mana, nguwo dzenyu hadzina kukusakarirai, neshangu dzenyu hadzina kusakara patsoka dzako.**

Mwari vanopa umwe neumwe wevana vavo zvinhu zvepamusoro! Bhaibheri rino-tiudza kuti Vana valsraeri pavakasunungurwa kubva kuhutapwa hweljipita vakaenda murenje, Mwari akavapa zvese zvaidikanwa kuti vararme nazvo parwendo urwu. Kuyangwe mugwenga iri maitonhora husiku uye kuchipisa zvakaipa masikati akavagadzirira mamiriro ekunze akange akanaka zvekuti havana kupiswa nezuva kana kutonhorwa uye mbatya dzavo hadzina kubvaruka uye-wo makumbo avo haana kuzvimbiswa kana kurwadzanekufamba kwavaiita. Vana valsraeri vakange vari vemuTes-

tamende yekare. Koi we urukurama mazuva aMweya Mutsvene. Mwari mumwe chete ndiye anokuwanisa zese zvaunodanekukuchengetedza!

Vamwe vanokanganisa nekuedza kwavo kugadzirisa matambudziko avanosangana nawo vega vasingazive kuti Kristu anoda kuvapa zvese! Kuyangwe zvichiita sekunge amiriro ezvinhu muhupenyu hwako haagadzirisike, kana kuti urimukati merenje wakaomerwa zvakanyanya, rangarira kuti zvirimunharaunda mako hazvinei nehupenyu hwako uye wokoshesa huvepo hwaMwari muhupenyu hwako nguva dzese, iye anokupawo zvepamusoro, rudo nekuchengetedzwa.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndinorarama hupenyu hwangu ndisingakendenge pamusoro pezvakandikomberedza, nematambudziko anenge achiuya! Mwari vaneni nguva dzese uye vakatondipa mukaka nehuchi zvisineyi nematambudziko andingasangane nawo muhupenyu . Muna Kristu ndinowaniswa zvepamusoro. Amen!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

VaFiripi 4:19

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 1 Kings 1-2, Mapisaremas 37, 71, 94



**2 Timoti 3:16**

**Rugwaro rwose rwakafuridzirwa naMwari, rwunobatsira pakudzidzisa, nokurayira, nokururamisa, nokuranga kuri mukururama.**

Chimbotora kanguva uchifunga pamusoro pevhesi iri! Mavhesi ese arimubhaibheri anobva kuna Mwari zvichireva kuti akafuridzirwa naMwari. Bhaibheri rinoenderera mberi richiti zvinobatsira, zvichireva kuti zvinemubairo. I shoko rakanaka sei iri!

Saka zvakakosha kuziva kuti mavhesi haasi ekungotaura chete asi kuti anodzidzisa uye kukuvaka. Shoko rine rimwe zvakare basa rekurayira nokururamisa. Vara rinoreva kurayira rironzi epanórhōsis nechiGiriki zvichireva kugadziriswa. Saka basa reshoko

kugadzirisa zvese zvinenge zvisina kumira zvakanaka muhupenyu nematambudziko anenge aripo. Urikuzviona here izvi? Wakambozvifungawo here izvi? Shoko raMwari haringogadzirisa hunhu wedu chete asi rinogadzirisa zvese zvinechekuita nehupenyu hwako, kuitira kuti udzorerwezve zvese zvakarasika. Ingava nhau yemari, hutano, kugarisana kwako nevamwe nezvimwewo zvakadaro. Shoko rinokugadzirisa. Rinogadzira zvese zvinenge zvakanganisika muhupenyu ako.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndine anogadzirisa zvehupenyu hwangu padivi rangu nguva dzese. Ndinokwanisa kutumira shoko kuti rigadzirise zvese zvinenge zvichinetsa muhupenyu hwangu. Ndirikufanotumira shoko kune ramangwana rangu, kuitira kubvisa zvimhinganamupinyi muhupenyu hwangu nezita raJesu! Amen.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

VaRoma 8:28

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Mapisarema 119

# GOODNEWS TESTIMONIES



## **Semi Wara**

24 years ago Semi Wara joined the British Army and served as a soldier. He did tours to Cyprus, Iraq, Afghanistan and also served in Somalia for the British Embassy. Whilst serving on a tour in Afghanistan in 2006, he experienced first-hand, what it was like to fight the Taliban and lost many close friends in this war. He was looking to fill this empty void in him but God always had a plan, and a purpose in his life and that was made possible when he joined Spirit Embassy The GoodNews Church. He has served his country as a soldier for many years but the biggest reward is serving Jesus Christ, and being a soldier in God's army.



## **Michelle Mason**

11 years ago Michelle Mason was living a life of sin working as a lap dancer. She used to coordinate private parties at a gentleman's nightclub. She was indulging in a life of alcohol and drugs and her life spiralled drastically out of control. She was lost and broken and had no ability to live a sober life. Years later she became a Christian and left that lifestyle and separated herself from the things of this world. She had a personal encounter with Jesus Christ that made her realise that you are never too far gone, God will call you, appoint you, and work through you to bring Him glory. Through joining Spirit Embassy, God's Word had completely transformed her life.



## **Trance Hove**

At the age of seven Trance Hove was introduced to Hip-Hop music. During his teen years the music he listened to as a child had shaped him as a young adult. He then started to hang out with drug dealers, career criminals and violent gangsters in the area he grew up in. He was attracted to the money they were making. Although he was making a lot of money by selling drugs, he had to constantly look over his shoulder. He had to leave this lifestyle and he wanted to use his passion for music to influence and inspire the youth to get involved in what God is doing in this generation. He went from making music that glorified the works of the devil to making music to glorify The Lord Jesus Christ.



# GOODNEWS TESTIMONIES



## **Akapusi Qera**

Akapusi Qera is a former Fijian professional rugby union player. He came onto the professional Rugby scene in the 2007 World Cup and became the longest serving captain for Fiji. He has travelled the world and won countless trophies and medals for both country and club, however it brings him so much joy knowing where he has come from and where God has taken him. He now uses his platform to reach millions to point people to Christ and bring glory to God, through the teachings of Prophet Uebert Angel.



## **Elizabeth Grace**

Elizabeth Grace went through a very difficult time in her life when her marriage fell apart. She had to work a full-time job on her own whilst raising a family of five children. As things progressed, it became really challenging for her that she even contemplated ending her life. Whilst going through this ordeal she reached out to some friends who had joined Spirit Embassy The GoodNews Church. After some time she started her own business in healthcare and her business began to grow at an astronomical rate. She became debt-free, and moved into her own home. From living in a council house, eating from a food bank, being unemployed to now owning a successful business and being the employer. She now employs over 70 staff members!



## **Richard Edomwonyi**

In March 2022 Richard Edomwonyi was involved in a severe car accident which resulted in him having a serious neck and back injury. He was unable to move his neck and had to stay in hospital for some time. A month later he attended the Healing Institute which is the healing ministry and a vehicle that God is using to touch lives in nations, through Prophet Uebert Angel. He was prayed for and immediately in that moment he was completely healed and this was the first time he experienced divine healing in his life.





**Mateo 21:22**

**Nazvose zvamunokumbira, muchinyengetera, kana muchitenda , muchazvipihwa.**

Nyaya yemurume akane arimheta-makumbo uyo akawanikwa nalshe Jesu aripedyo netsime reBethisidha mucherechedzo wakanaka unot-sanangura vhesi ranhasi. Ishe Jesu vanobvunza murume uyu kuti aida kuporeswa here. Pane kuti adaire achi-ti hongu ipapo ipapo, akamburebesa nyaya achigununguna kuti akange aanenguva yakareba pasina aimubat-sira kuti apinde mutsime. Zvirikufanana here nezvaunomboona?

Mumwe munhu arikuverenga rugwaro rwuno akatombozviita. Vanhu unoona vachigununguna nekuchemachema

vachinamata vasingakumbire. Vhesi ranhasi ririkuti KUMBIRA! Zvirinyore izvi! Usatenderere nenyaya yako uchitsanangura pamusoro pematambudziko ako – taura zvauri kuda.

Mwari haambofa akaramba kukupa zvinhu zvakanaka. Saka ivanehu-shing hwekuita mikumbiro yako kwaari nhasi. Chingokumbira!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndirikuporofita kuti mikumbiro yangu yese ichazadzikiswa nekukurumidza. Baba vangu vakatondipa zvakanaka kare, uye ndicharama ndichizviwana nezita raJesu! Amenii.**

### MAVHESI EKVURENGA

Mateo 7:11

### Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 1 Madzimambo 3-4

**Mako 11:23**

**Zvirokwazvo ndinoti kwamuri; Mumwe nomumwe anoti kugomo iri, Simudzwa ukandwe mugungwa, asinganyunyuti mumwoyo make, asi achitenda kuti zvaareva zvaitika uchava nazvo.**

Muruzivo rwescience kune mhandu nemwero yakasiyana yesimba. Kuneimba reKinetic energy iro rinoshandiswa pakufambisa zvinhu. Kozouya rinenge rakachengetedzwa rinenge risingaahndiswe uye risingfambe. Zvimwechetewo nekutenda, kana kukasashandiswa, isimba rinongogara rakangomira pasina chirikufamba. Zvakafanana nemurume akatakura dynamo, asingazive kuparadza kwarinokwanisa kuita.

Jesu akaratidza kuvadzidzi vake kuti vanesimba rekutuka miti uye rekubvisa makomo kubva paanenge ari achiyendeswa kune imwe nzvimbo. Unembeu yekutenda mukati mako, asi inotounza zviwereko kana watoishandisa. Unogona kusatanga nekumutsa vakafa asi unogona kuti musoro wako upore usati wakumbira mufundisi kuti vakunamatire. Zvata svika pakati pegore remukaka nehuchi kudai, shandisa kutenda kwako pamusoro pebhizimusi, hutano hwako nedzidzo yako. Rayira chese chakamira pamberi pako kuti chibve uye usanyunyute mukati memwoyo wako. Unekutenda mukati mako zvekuti chipi nechipi chauchataura chinoitika.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndinekutenda mukati mangu; saka ndinotaura. Chiyedza chirikubwinya munezvese zvehupenyu hwangu nezita raJesu. Amen.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

VaHebheru 11:1

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 2 Makoronike 1, Mapisarema 72

**Johani 15:5**

Ini ndiri muzambiringa, imi murimata-vi. Anogara mandiri, neni maari ndiye anobereka zvibereko zvakananda nekuti kunze kwangu hamugoni kuita chinhu.

Zvinongoda kushandisa pfungwa dza-ko zvakanaka kuti unzwisise kuti ropa rinofamba mumusoro wako ndiro rimwe chete rinofambawo mumuviri wako wese. Rwuzivo rwescience rwakajairika urwu. Zvekudya zvinofamba muhunde yemuti zvichiyenda kumapazi awo. Saka Jesu paakati, "Ndini muzambiringa imi murimayavi," aireva kuti hu-penyu huri maari, ndihwo hurimowo mukati medu.

Kana uchida kuona hunhu hwaMwari, zviongorore nekuti urimutakuri wehu-

nhu hwaMwari uye hapana chisimo chaMwari mauri. Hakuna dambudziko rinofanira kukushayisa hope nekuti wakazvarwa nedenga uye magadzirirwo ako ndeekudenga. Urimubatanidzwa wezvakanaka zvese zvaMwari nehunhu hwavo. Hunhu hwaMwari matiri hunoti rera nekutikurisa sezvinoita mukaka!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndakazvarwa kubva kudenga uye HUNHU HWA Mwari hunon-direra. Ndakagadzirwa saMwari uye hapana chichamisa budi-riro yangu mugore rino remukaka nehuchi. Amenii.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

1 Johani 4:17

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Song of Solomon

**GENESISI 11:6-7**

Jehovha akati tarirai vanhu ava ndi-vamwe, vanorurimi rwumwe vose, zvinodzivo zvavanotanga kuita, zvino hakuchina chinhu chavangada kuita chavangadziviswa. Hendei tiburuke tinopesanisa rurimi rwavo, ipapo kuti varege kunzwanana kana votaurirana.

Vanhu vanotongwa kuchitevedzerwa magariro netsika zvinenge zvakabvumiranwa. Mutauro ndiwo unoita kuti vanhu vawane kunzwisana pamagariro netsika dzavo. Vanhu vese vemarudzi akasiyana, vane mitauro yavanoita pakati pavo inoita kuti vanzwanane. Rurimi rwunotaurwa pakati pamarudzi rwunobatsira pakuumbwa kwetsika nekutevedzerwa kwemagariro mukati merudzi.

Vanhu vaitaura rurimi rwumwe chete nokutaura kumwe chete pavakaronga kuvaka rusvingo rweBarberi vachida kusvika kuna Mwari. Kana ivo Mwari pachavo havaigona kuvamisa saka vakaronga zano rekuvapesanisa kuburikidza nekuunza mitaura yakasiyana pakati pavo. Kana uchitaura rurimi rwaMwari, chinhu chese chaunovaka chinomira. Usavhiringidze mutauro wako semwana waMwari neuyo unotaurwa panyika. Pavanoti zvinhu zvirikudonha, iwe enderera mberi uchiti panekusimudzirwa kuri kuitika. Pavanenge vachiti mamiriro ezvehupfumi haana kumira zvakanaka, iwe iti ndirikuona mukaka nehuchi! Taura mutauro webudiriro nguva dzese, unoono kubudirira kwave ndiko magariro netsika yako, uchigara uchikunda.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndiri mbeu yaMwari uye ndinouya ndiine tsika nemagariro zvinobva kuna Baba vangu vekudenga. Ndinomira nezvandinotenda mazviri uye ndicharamba ndichizvitaura nezita raJesu. Amen.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Zvirevo 18:21

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Zvirevo 1-3

**2 Petro 1:12**

**Saka handingaregi kukuyevudzayi zvinhu izvi nguva dzose, kunyangwe zvinhu izvi kunyangwe muchizviza henyu uye makasimba pazvokwadi yamunayo.**

Patakange tichikura zvakange zvaka-tiamera kuti tinzwise maitirwo esvomu, science kana geography nekuti pfungwa dzedu dzakange dzichiridiki tisati tave kunzwisisa mafambisirwo ezvidzidzo izvi. Patairwisana nemaitirwo ezvidzidzo izvi, pamwe pachotaiti hazviite kana kuti hazvigoneke" izvi zvaikonzerwa nekusanzwisa kwedu maitirwo ezvidzidzo izvi nekuti pfungwa dzakange dzichiri diki. Patakazenge takura zvino ndipo patakatanga kunzwisisa kuti zvinogonekakuti zvibozwa zviriri zvbiswe muchibozwa chimwe (-1).

Ndizvo zvimwe chete kana tave kukurukura pamusoro penyaya dzekutenda. Bhaibheri rinotaura pamusoro pekusimba muchokwadi chatiinacho, zvichireva kuti kune chokwadi chakare, chanhasi nechemangwana. Unogona kupesana naMwari nepfungwa dzavo kana ukaramba uchitevera chokwadi chavo chakare. Kuti ugare urimuchokwadi chaMwari nguva dzese, unofanirwa kugara uchinzwava shokoravo, uchinyengetera uchiwadzana navo. Unofanirwa kurerwa neshokoravo sekurerwa nemukaka. Mwari varikuita minana nezvishamisa zvinoshamisa mumazuva ekurarama kwedu. Unokwanisa kuwana minana ichiitikawo muhupenyu hwako, kana ukafamba uchitevedzera chokwadi chavo chanhasi.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndinosarudza kutevedzera chokwadi chaMwari chanhasi. Nzi-ra dzangu dzichagara dzakazara nechiyedza uye handigumburwe kana kudonha nezita raJesus. Amenii.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

2 Timoti 2:15

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Zvirevo 4-6



**VaRoma 10:17**

**Naizvozvo kutenda kunouya nokunzwa, nokunzwa kunoua neshoko raMwari.**

Chikristu ndicho chga chitendero chinokoshesa zivo. Kutenda kunouya nekunzwa uye kunzwa shoko raMwari. Unowana ruzivo pamusoro pako uye kunzwisisa nekufamba muchiyedza chaJesu Kristu. Rangarira kuti bhaibheri rinotsigira kuti hazviite kufadza Mwari kana usina kutenda. Haugone kufadza Mwari kana usina kutenda uko kunounzwa nekunzwa shoko raMwari.

Kana tichiongorora chiKristu, hachisi chitendero chisina zivo. Ndisu takapenyerwa nekuti zivo yedu inobvamushoko raMwari. Kuti ukwane kunzi uri mwana waMwari unofanirwa kunge

uine ruzivo rwezvemweya. Simudza mapfudzi ako utarise mberi, zvione uchifamba urimutongi nesimba. Urimutakuri weruzivo rwedenga urwo rwurimumuviri wako wese, saka wakagadzirwa kukunda nekubudirira pane chese chaunoita. Pauri kuverenga rugwaro urwu chiyedza chirikuwedzera mumweya wako, izvo zvichaita kuri urarame hupenyu hwekukunda nguva dzose nezita raJesu.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ari mandiri mukuru kudarika aripanyika. Mukuru anogara mandiri. Ndirimupi wechiyedza kunevese vakandikomberedza. Hareruyah.**

### MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 119:130

### Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Zvirevo 7-9

**VaGaratiya 6:17**

**Kubvira zvino ngakurege kuva nomunhu anonditambudza nokuti ndina mavanga aJesu pamuviri wangu.**

Rupawo ivanga rinenge rakaiswa, rinooneka pamunhu kana pachinhu. Pfungwa yekuisa rupawo pachinhu yakatanga kare, kuitira kusiyanisa zvinhu. MuApostora Pawuro vanoti vanemavanga kana rupawo pavari rwunovasiyanisa nevamwewo vanhu. Ndizvo zvimwe chete newe neni: takanyorwa naJesu Kristu, uye rupawo urwu rwuri matiri.

Kana uine runyoro rwaJesu kana rupawo rwake zvinoreva kuti akakunyora wacho kana kuti akakupa rupawo urwu arikuda kuti ugare hupenyu hwaako uchiratidza kunaka kwake. Mwari

vakakunyora vakakuisa munyika, kuti uratidze kubwinya kwavo. Enderera mberi nekuratidza kubwinya kwake iye akakunyora akakuisa rupawo rwake nezita raJesu!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Rupawo rwaJesu rwuri muhupenyu hwangu. Ndakasikirwa kuti ndiratidze kubwinya kwake kunyika ino. Chinhu chese chirimaererano neni chichave mukaka nehuchi nezita raJesu. Amen.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Ezekieri 46:16

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Zvirevo 10-12

**Johani 6:63**

**Mweya ndiye anoraramisa, nyama haina maturo, mashoko andakataura kwamuri ndiye mweya nehupenyu.**

Pese paunotaura unenge uchitumira zviratidzo munyika yemweya uye mazwi aya anomirira zuva raanozozadzi swa nawo. Rurimi rwako harwungoburitsa mazwi chete asi rwunounza rufu kana hupenyu, kubudirira kana kukundikana. Rurimi rwako harwusi mhasuro iri-mumukanwa mako chete asi musiki wehwaro hwehupenyu hwako nehwevamwe. Uri zvauri nhasi kuburikidza nemashandisiro awakaita rurimi rwako, mune zvakanaka kana zvakaipa. Kana ukati, "Zvinhu zvakaoma." Shoko iroro rinoenda romirira kuzadzikiswa kwekuti zvinhu zvikuomere.

Jesu akati mazwi aaitaura akange asiri mazwi chete asi kuti akange arimweya nehupenyu. Ndirikukukurudzira kuti upote uchiva nenguva yaunenge uchitaura mashoko akanaka pamusoro pehupenyu hwako kubvira nhasi. Kubudirira hutano hwakanaka nerugare (ndiri kureva; mukaka nehuchi) ndezvako. Mamiriro ehupenyu hwako haafanire kukuudza zvekutaura kwete. Shandisa muromo wako kusika zvaunoda kuwona zviri muhupenyu hwako.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Muromo wangu ipenzura yakatomirira kunyoreswa. Ndirikugadzirisa hwaro hwehupenyu hwevanhu nekugadzira hushe kuburikidza nezvandichataura. Kubudirira, runyararo nerugare ndazvangu. Amen.**

### MAVHESI EKUVERENGA

Jobho 22:28

### Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Zvirevo 13-15

**Isaya 12:3**

**Saka muchachera mvura nomufaro yamatsime oruponeso.**

Paunokwira ndege, tikiti raunopihwa harisi rekungofamba kwako kubva pane imwe nzvimbo uchienda pane imwe chete. Tikiti iri rinenge riine zvese zvinechekuita nerwendo rwako neku-ti ndiro rinoshanda pakuwana kwako chekudya parwendo nerubatsiro rwese rwunodikanwa kuti ufambe zvakanaka. Zvinoratidza kuti paunobhadharira rwendo unobva wabhadharira kuwana zvese zvinoita kuti rwendo rwako rwukufadze uye wakaguta. Ndizvo zvimwe chete zvinoitwa neruponeso; unowaniswa zvakanakwana, zvichireva kuti chinhu chese chakanaka chinodikanwa muhupenyu unobva wachiwana pamwe chete neruponeso rwako kus-

vikira tabvutwa kubva pane rino pasi.

MuProfita Isaya vanoti chera kubva kumatsime eruponeso. Bhaibheri harisikutaura nezvetsime rimwe chete asikuti matsime, zvichireva kuti kune tsime remari, rehutano hwakanaka, reruzivo nezvimwewo zvakadaro. Paurikuverenga bhaibheri, ita kuti zvese zvehupenyu hwako uzviwanire nguva. Hauna chaunofanirwa kushaya muhupenyu hwako. Nhasi shandisa kodzero yako semwana waMwari watora zvese zviri zvako nezita raJesu.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Hutano, kubudirira nerugare nesimba ndezvangu nemhuri yangu. Hatimbofa takashaya mukaka nehuchi nezita raJesu Kristu. Amen.**

### MAVHESI EKUVERENGA

2 Petro 1:3

### Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Zvirevo 16-18

**Joweri 3:10**

**Beat your plowshares into swords, and your pruning hooks into spears: let the weak say, I am strong.**

Mazwi aunotaura anogadzira masai sai anopa madhimoni kana kuti ngirozi basa rekuita, Chisikwa chese chemweya chinoshandisa mazwi kuti chikwanise kushanda. Mazwi aunotaura mazuva ese anogadzira nzira munyika yemweya yekutakura nayo vatumwa kana madhimoni. Zvirimumweya zvinoshanda nemasaisai anounzwa nemazwi anenge ataurwa. Paunouya kunemufundisi uchikumbira kuti ataure shoko pamusoro pehuoenyu hwako, unenge uchitokumbira masi sai ekuunza zvakanaka muhupenyu hwako.

MuPorofita Joweri akapa vana valsraeri zano rakanaka rekushandisa kuti vakunde vasati vaenda kuhondo. Vakavaudza vakati, "Vanehuteru ngavati takasimba (Joweri 3:10). Mazwi aya aizovasimbisa panguva yekurwa. Nhasi uno unogona kushandisa muromo wako kuti upupure uchiti ndakasimba, ndakapfuma uye ndirikubudirira muhupenyu hwangu. Mazwi iwayo ane masai sai anoita kuti ubudirire muhupenyu. Hazvinei kuti urikunzwa sei mumuviri wako, kana kuti hauna mari kubhanga, iwe ramba uchingoti "Ndakasimba, ndakapfuma uye ndakaropafadzwa!" Uchakohwa pakuru gore rino nezita raJesu!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndakashinga, ndinesimba uye ndirikubudirira. Handina chinondimisa pane rino pasi nezita raJesu. Amen.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

VaHebheru 13:5b-6

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Zvirevo 19-21

**VAROMA 10:17**

**Naizvozvo, kutenda kunouya nekunzwa, nokunzwa shoko raMwari.**

Unosimudzirwa munyika yemweya kuburikidza neruzivo rwaunenge uinarwo rwezvemweya. Vhesi redu ririkuti-ratidza kuti kuwana kutenda kanakunwewo kugona munezve mweya kunouya nekunzwa. Zvinoita sekunge ruzivo rwaunarwo rwezvinoitwa naMwari rwakaenzana nekutenda kwauinako. Kutenda kushoma kunokonzerswa nekusanyatsoziva Kristu. Shoko raMwari rintipa simba rekufambisa makomo ese aripamberi pako achibva.

Verenga shoko raMwari usimbise mamhasuro ako emweya. Bhaibheri rako rakafanana nenzvimbo yako yaunoz-

visimbisa nayo naMweya Mutsvene nekuti rine zvese zvinoita kuti uve monya munyaya dzemweya. Kokorodza shoko raMwari, kura munyasha nemuruzivo rwezvaJesu Kristu. Tsvaga nzira dzaungashandise dzekuti ukure nadzo uite zvizereko mune zvese zvine chekuita nehupenyu hwako, pameya nepanyama, zivo zvichaita kuti urarame hupenyu hwemukaka nehuchi!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ruzivo rwaMwari rwuri kuwedzerwa mukati mangu. Nzira dzangu dzakazara nechiyedza nekubwinya. Ndinezvese zviri zvan-gu nezita raJesu. Amen.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

VaHebheru 10:23

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Zvirevo 22-24

**Mapisarema 69:30**

**Ndicharumbidz zita raMwari. Ndichamuvonga nokutenda.**

Pese paunosimudza zita raMwari pamusoro pezvese, unenge uchiudza matambudziko ako ese nezvehukuru hwaMwari wako. Kunyengetera uchiudza Mwari nezvedambudziko rako, kwakangofanana nemunhu anenge achitaura ega, sezvo Mwari anenge achingonzwa chete pamusoro pezvinenge zvichikunetsa. Asi kana uchi-simudza zita raMwari nekumupa mbiri unenge uchiudza matambudziko ako nezvese zvine zvinenge zvichikunetsa pamusoro paMwari wedu. Izvezvi urikuziva zvirikukunetsa asi izvo hazvisikuziva Mwari wako.

Nhasi tirikushandura mamiriro ezvinhu. Udza chirwere chirimumuviri wako kuti Mwari ndiye muporesi. Udza mweya wehurombo kuti Mwari vanokupa zvese, udza mweya wekupererwa kuti Mwari vanogona kukusimudza kubva muguruva vachikuisa panzvimbo yakakwirira kwaunodya nemadzimambo. Tarisana nekupedza simba redambudziko rese muhupenyu hwako kuburikidza nekusimudzira nekurumbidza kwako Mwari.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Mwari vangu vakuru uye vanesimba rakawandisisa; Havana anoenzaniswa navo, ndevhumambo uye zvinhu zvese zvirimuroko rwavo. Amen.**

### MAVHESI EKUVERENGA

Mabasa AvaPostora 16:25

### Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 1 Madzimambo 5-6, 2 Makoronike 2-3

**Dhuteronomi 1:6**

**Jehovha Mwari wedu akataura nesu paHorebhu akati; Makagara nguva yakaringana pagomo iri.**

Mvura isingayerere inzimbo yakashata inogara zvirwere nematenda zvaka-siyana siyana. Mwari vakavenga kumira kwezvinhu nekuti kunokongerera ruvengo kushorana nehondo. Vanhu vakawanda vanovenga vamwe, havana kubudirira, havana chirikuitika muhupenyu hwavo. Vanhu vakabudirira varikutofamba nebhora, havana nguva yekuswerongorora hupenyu hwevamwe vanhu.

Bhaibheri rinoti tinobva pane kumwe kubwinya tichienda pane kumwe, zvichireva kuti rwendo rwedu rwekutenda harwuna parwunomira. Hatimire. Mi-

nana yatakaona svondo rakapera haareve chinhi kana tichienzanisa neyatichaona nhasi uye nemangwana. Zviyero zvekubwinya kwedu zvinoramba zvichi chinja nguva dzese, ini ndakazviona. Ndapedza kuzadza nhandare nevanhu uye nekuita minana inoshamisa, baba vangu vepamweya Pastor Chris, vakandiudza kuti "Aya mahumbwe kana zvichienzaniswa nezvirikuuya." Akomana! Zvinoziva kuti kune kumwe kubwinya kuri kuuya, uye zvichaitikawo kwauri. Pauri kuverenga rugwaro rwuno, mukaka nehuchi zviru kuuya kwauri!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndinobva panekumwe kubwinya ndichienda panekumwe. Hupenyu hwangu huri kufamba, uye ndinoona minana yakasiyanasiyana nekupupura nezita raJesu. Amenii.**

**MAVHESI EKVURENGA**

2 VaKorinde 3:18

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 1 Kings 7, 2 Makoronike 4



**1 Timoti 4:15**

**Shingairira zvinhu izvi uzviite nemwoyo wose, kuti kupfuurira mberi kwako kuwonekwe navanhu vose.**

Pamazuva ake Jesu aitomboudza vateveri vake kuti kana vakange vasingatende mharidzo yake, vaifanirwa kutenda minana nezvishamiso zvaaita. Chii chinonzi munana? Kuratidzwa kwezvatinotenda mazviri. Shoko raMwari harizi remashoko chete asi rekuratidzwa kwesimba raMwari. Kana simba raratidzwa, rinopa humboo hwakakwana hwehuvapo hwaMwari.

Muvhesi ranhasi bhaibheri riri kutiratidza kuti kana tikagara tichiverenga neku-funga pamusoro peshoko raMwari hazvipere ipapo, tintanga kubudirira zvinoonekwa nemunhu wese. Unogona kukurukurirana naMwari muchivande, asi mhinduro yavo inoitwa pajekerere. Paurikuverenga rugwaro rwuno, uchifunganezvaro, mweya wako urikutobata chimwe chinhu chichaitika pahutano hwako, mubhizimurirako, mudzidzo yako nedzimwe nzvimbo dzehupenyu hwako. Urimukristu anehumboo hwesimba raMwari maari. Hupenyu hwako huchagutiswa, uye huchatapira semukaka nehuchi

Nhasi uchaona huchapupu hwezvaunotenda mazviri!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndiri muKristu anoratidza humboo hwesimba raMwari muhupenyu hwangu. Ndichararama ndigoona kubwinya kwaMwari kuchiratidzwa muhupenyu hwangu. Hareruyah.**

### MAVHESI EKUVERENGA

1 VaKorinde 4:20

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 1 Madzimambo 8, 2 Makoronike 5

**VaHebheru 6:10**

**Nokuti Mwari haazati ari usakarurama unganganganwa basa renyu rorudo rwamakaratidza nokuda kwezita rake zvamakashumira vatsvene muchi-vashumira kwazvo.**

Vhesi redu rinoratidza zvinoreva kusarurama, uye vazhinji venyu hamude kunzwa nezvazvo. Kunyangwe zvakadaro, zvinobatsira zvikuru kana kusaziva kwako kwabuditswa pachena. Bhaibheri rinoti Mwari haaiti zvisina kururama kuti akanganwe, zvichireva kuti dai vaikanganwa, vaizova asina kururama." Saka vhesi redu ririkurevakuti munhu wese anokanganwa zvakanaka zvaakaitirwa anenge asina kururama." Ndzivo zvazvinoreva.

Saka, kana paine mukoma kana handzvadzi yakambokubatsira, kana kwawaimboshumira kwakakubatsira, kana kuti kuine mushandi akambokubatsira muhupenyu hwako. Tora nguva yako nhasi uvafonere kana kutsaga nzira yekutaura navo, uchitenda zvavakakuitira. Unogona kushandisa izwi rakanaka uchitenda mumwe munhu. Sarudza kuva munhu akarurama kuburikidza nekusakanganwa kwako mabasa akanaka anenge aitwa nevamwe vanhu muhupenyu hwako.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndine kururama kwaMwari handikanganwe avo vakandiitira zvakanaka. Itsika yangu kuremekedza nekutenda avo vakandibatsira muhupenyu hwangu nezita raJesu. Amen.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

VaEfesu 5:20

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 2 Makoronike 6-7, Mapisarema 136



“Vanofanirwa kunyengetera.”

### Ruka 18:1

**Zvino wakavaudza mufananidzo wo-  
kuti vanofanirwa kunyengetera nguva  
dzose vasingarasi mwoyo;**

Kuverengwa kwevanhu kunoitwa pamutemo kana hurumende ichida kuziva huwandu hwevanhu varimunyika yayo. Nyika dzakawanda dzinov-erenga vanhu vadzo nguva nenguva, uye ndipo panoitwa tsvakurudzo yezvakawanda maererano nemagariro evanhu munyika iyi. Zvinenge zvawanikwa ndizvo zvinobatsira hurumende kuti ive neruzivo rwevanhu vayo, makore evanhu, mararamiro avo nezvimwewo zvakadaro. Kudenga kunoitwawo zvimwe chete, asi vashoma vano-zviza, asi vhesi redu ranhasi rine zvarinotaura pamusoro penyaya iyi, parinoti,

Vhesi iri riri kuti unofanirwa kunge urimunhu anonyengetera nguva dzese, kuti unzi uri munhu waMwari. Kudenga, vanhu vanonamata ndivo vano-zvikanwa nedenga. Avo vasinganamate havasi verudzi rwaMwari. Minamoto yaunoita ndiyo inoshandiswa kunyoresa zita rako mubhuku rekudenga. Mwari vanodisisa kukurukura newe kuburikidza nekunyengetera kwako. Kana usinganyengetere, ungorichimwewo chisikwa chinenge chichingoramawo panyika. Chikoshesa kugara uchinyengetera, uverengwe naMwari.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndichanyengetera ndisingaregere. Minyengetero yangu icha-  
simuka sezvinonhuwira mazuva ese. Hurukuro dzandinoita naM-  
wari dzakakosha, uye ndichawana mukaka nehuchi zvaMwari  
zvakanakisisa nezita raJesu!**

### MAVHESI EKUYERENGA

1 VaTesaronika 5:16

### Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Mapisarema 134, 146-150

**2 VaKorinde 5:17**

**Saka kana munhu arimuna Kristu wava chisikwa chitsva, zvinhu zvakare zvapfuura tarirai zvose zvava zvitsva.**

MaKristu akawanda achirikugara nepfungwa yekare yekutenda kuti kutadza kwawo ndiko kwakakonzerera kuti Jesu arovererwe pamuchinjikwa. Zvinosiririsa kuona maKristu akawanda achirarama aine pfungwa iyi, uye hazvisimushoko kuti tisu takakonzeresa rufu rwaKristu. Hatisirisu takakonzeresa rufu rwaKristu, tirizviwanikwa zvekumukwa kwake kubva kuvakafa. Hatina kukonzeresa kushungurudzwa kwake nekuzorovererwa kwake pamuchinjikwa kwete; takaunzwa nazvo.

Vhesi redu ririkuti kana munhu arimuna Kristu ave chisikwa chitsva. Vara reku-

ti chitsva rinonzi kainós, nechigiriki, uye rinoreva chinhu chisati chambovepo, chakange chisipo nakare. Hauchaverengwa pamwe chete neavo vakakonzeresa kuti Kristu arovererwe pamuchinjikwa nekuti uri chisikwa chitsva! Rarama hupenyu hwako uineruzivo rwekuti urichisikwa chitsva, uye hupenyu hwako haunei nematadzo ako akare kana hupenyu hwakare. Gamuchira mavambo matsva ehupenyu hwako, uye nemikana mitsva irikuuya kwauri mugore rino remukaka nehuchi!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndirichisikwa chitsva muna Jesu Kristu, uye ndirichisikwa chitsva muna Jesu Kristu. Zvese zvehupenyu hwangu zvitsva. Handina chitadzo, hurombo kana kukonewa pandiri nezita raJesu. Amen.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

VaRoma 8:6

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 1 Madzimambo, 2 Makoronike 8

**Mako 6:5**

**Akasagona kubata basa nesimba ipapo asi wakaisa maoko ake pamusoro pevairwara vashoma, akavaporesa.**

Tsika zvinoreva kutevedzwa kwezvintenda nemagariro evanhu kubva kune rimwe dzinza kuchienda kunerimwe. Tika dzinomisa budiriro. Vanhu vanotevedzera tsika, dzingave dzakanaka kana dzakaipa, vanoita sezvadzinoreva uye zvavanozova muhupenyu zvinokonzerwa nekudzitevedzera. Bhaibheri rinotiudza kuti Jezu haana kuita minana yakakura kwaakaberekerwa. Ona kuti bhaibheri harina kti akange asingade asi kuti akatadza kuita, zvichireva kuti akatamboedza akakundikana. Kunyangwe akange ari Mwari airarama panyika, kune zvimwe zvinhu zvaakatadza kuita nekuti aikangan-

iswa netsika. Vekwake vakaita kuti shoko raMwari risashande zvinesimba nekuti vaitenda mutsika dzavo.

Nhasi izuva idzva. Mukana wekuti urambe kutevedza zvakaipa zvese zvinoitwa mutsika yenyu. Tenda munezvese zvinotaurwa na Mwari, usinganyunyute. Kana vakati mari irikuuya, inenge ichiuya zvechokwadi. Kana shoko rikati uchararama kwemakore akati, tenda shoko iri, ugadzire mararamiro matsva edzinza rekwenyu anehumwari mukati, wozivisa nyika kuti wavekurarama kwemakore akawanda kuti upupure pamusoro pekunaka kwaMwari.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Kubvira nhasi handichatevedzeri dzimwe tsika dzemurudzi dzanga dzisina kunaka. Ndinotenda kuti Mwari varikundiitira chimwe chinhu chakakura nezita raJesu. Amenii.**

### MAVHESI EKUVERENGA

Mako 7:13

### Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Zvirevo 25-26



**Genesisi 13:15**  
**Nokuti nyika yese yaunoona ndichapa iwe navana vako nokusingaperi.**

Mwari vakataura nezvechinhu chikuru chinoshamisa pavakati kuna Abrahamu, "pese paupfura ndichakupa." Saka zvinoreva kuti panekuona kunoitika pakutenda. Kana uchizviona uchazvivwana. Abrahamu aifanirwa kuwana zvaakange aona mundangariro dzake. Chokwadi ndechekuti zvakange zvisingaita kuti Abrahamu aone zvinodarika makiromita mazana maviri. Saka Mwari vaikurudzira Abrahamu kuti ashandise ndangariro dzeke kuti aone. Pedzvo, Abrahamu akazova muridzi wenzvimbo dzakawanda pane rino pasi, zvichireva kuti paakaudzwa kuti aone haana kushandisa maziso ake enyama kuti aone, asi emweya.

Usamiswe nemamiriro akaita zvinhu izvezi, uye kana nechero chipi chinhu chinenge chirimunharaunda mako. Chese chaunoona nemaziso enyama chinenge chiri chako. Muvengi angaedze kukupofamadza nekukuratidza hurwere. kusamira zvakanaka kwehupfumi kana kuti hurombo, asi shoko raMwari riri kuita kuti uone kudarika maziso enyama. Uchapupura nezvemukaka nehuchi munezvese zvehupenyu hwako!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Nyasha dzaMwari dziripamusoro pangu dzinoita kuti pashaye chinondimisa pane zvandinenge ndichiita. Nyasha idzi ndinokwanisa kuona nemaziso emweya nezita raJesu. Amenii.**

### MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinde 4:18

### Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Zvirevo 27-29

**VaGaratiya 4:19**

**Vana vangu vaduku vandinotamburira zvekubereka kusvikira Kristu awumbwa mukati menyu.**

Mutemo wemuzvikoro zvepanyika ndewekuti kana ukafoira zvidzidzo zvaunenge uchiita haubvumidze kuenderera mberi kusvikira wapasa. Mitemo iyi inoitirwa kuti vanogona chete vange vari ndivo vanobudirira. Ku Univesiti yaMwariwo hakuna anokwanisa kudarika makamuri achienda repamusoro asina kupasa zvakanaka. Unofanirwa kuita nekupasa zvidzidzo zvese. Kana zvichireva kuti unofanirwa kudzikorora zimwe zvidzidzo, unodzokorora kusvikira wakunda. Kana uchiona vakuru vekutenda muna Mwari avo vaunoyemura, rangarira kuti havana kungoerekana vavekumusu-

soro, asi kuti vakapindana nezvikamu zvakasiyana zvekudzidza kusvikira vave pavari.

Pawuro anotaure pamusoro pekuumbwa kwaKristu mauri. Zvinoratidza kuti kune mamwe maKristu anezvimwe zvikamu zva Jesu maari kwete zvese. Dzidza kuverenga shoko padiki nepadiki kusvikira azara mauri. Pauri kukura muna Kristu uchaona zvaurikutarisira zvevekuzadzikiswa. Tora nguva yako ukure muna Kristu kusvikira wave monya rezvemweya.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndirikusarudza kukura mumweya padiki nepadiki kuburikidza nekuverenga kwangu shoko raMwari. Mweya wangu unechido chekunzwisisa shoko raMwari. Ndirikukura kubva pane chimwe chiyero chekubwinya ndichienda pane chimwe nezita raJesu Ameni.**

### MAVHESI EKUVERENGA

2 Petro 3:18

### Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Muparidzi 1-6

**Mateo 25:23**

**Ishe akati kwaari zvakanaka muranda wakanaka, wakatendeka pazvinhu zvishoma ndichakuisa pamusoro pezvinhu zvizhinji. Pinda mumufaro washe wako.**

Patichasvika kudenga, Mwari havambokubvunza pamusoro peminana yavakakuitira. Havakubvunze zvakare zvawakawana kubva kunyasha dzavo netsitsi dzavo. Kwete Vachakubvunza kuti wakaitei nenyasha nechikristu zvakakupa. Vaneshungu nezvawakaita uripanyika. Mhedzisiro yacho ndeyeizvo zvauchaenda nazvo kunoratidza musiki kuti ndizvo zvawakaita paunosvika kudenga. Vachati, "Wakagona muranda akanaka?" here kana kuti vachangoona munhu aingoita basa rekukumbira nguva dzese ach-

inyengetera?

Shandisa nguva ino zvine huchenjeri, uunze chiyedza kunhuri yako, shamwari dzako nevamwewo vanhu vakakukomberedza. Chengetedza hupenyu hwemumwe munu kuburikidza nekumugovera kwako shoko kana kusimudzira mweya wemumwe munhu kukereke. Wakaunzirwa chikonzero pane rino pasi, saka magumo ako akakosha. Unofanirwa kubva pane ino nyika uine chekuratidza Mwari icho chauchanzi uwakange urimuranda akanaka akatendeka.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndakaberekwa uye ndagadzirira kuita basa raTenzi vangu. Ndichabatsira vanhu uye ndichayananisa vakawanda nezita raJesu.**

### MAVHESI EKUVERENGA

VaFiriipi 3:14

### Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Muparidzi 7-12





### 2 VaKorinde 4:9

**Tinotambudzwa asi hatina kusiyiwa, takawisirwa pasi asi hatina kuparadzwa**

Muvheri riri pamusoro, Pawuro ariku- taura maererano nekushungurudzwa kwatinosangana nako sevana vaMwari. Chinhu chakanaka chaakataura nezvacho ndechekuti kunyangwe fichirwiswa kudaro, hatiparadzwe kana kumedzwa. Nyika inotidzvanya nekutishungurudza, inofanirwa kuziva kuti tiri anani. Takaberekwa naMweya uye tinorarama neshoko raMwari. Tine shoko raMwari matiri. Kana mango ikasvinwa, inobuda muto emango, ndizvo zvimwe chete nemimwewo michero.

Iwe kana wadzvanywa nematambudziko ehupenyu, mauri munofanirwa kubuda muto weshoko raMwari nekuti wakagadzirwa neshoko raMwari. Hapana chinhu chinofanirwa kukuzungunutsa kana mhuri yako nekuti midzi yenyu iri mushoko raMwari. Makamira pana Kristu anova dombo paumire pasina kana mafashamu emvura kana kushungurudzwa kungakuzungunutsa nezita raJesu.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndakagadzirwa neshoko raMwari nekuti ndinogara ndichiriv- erenga nekurinzvera. Handimbofa ndakazunungutswa nechinhu nekuti ndine shoko raMwari mandiri. Amenii.**

### MAVHESI EKUVERENGA

Mateo 4:4

### Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 1 Kings 10-11, 2 Makoronike 9

**Mateo 5:16**

**Naizvozvo chiyedza chenyu nga-chivhenekere pamberi pevanhu kuti vaone mabasa enyu akanaka vakudze Baba venyu varikudenga.**

Zvigadzirwa zvakananda zvinezuva razvinopera nazvo basa. Unotonyora musi unopera chinhu basa wachakanzi chinenge chashata kubva musi iwoyo. Ndiko kunenge kurikuperakwebasa racho. Nguva kana nzvimbo inogona kukonzera kupera basa kwechinhu. Iwe semunhu kunemhepo dzinoda kuti upere basa. Ndosaka kuine vanhu vaMwari, makereke mabhizimusi nehushe zvakange zviinesimba rakawanda zvisisipo izvezvi asi dzangovenhoroono. Vakamanikidzwa kupera basa nemhepo dzinotonga nyika ino.

Bhaibheri rinoti urichiyedza chenye ino. Basa rako nderekuenderera mberi uchiratidza chiyedza ichocho kusvikira Kristu adzoka. Chiyedza chako ngachipenye chisadzime. Ramba kupera basa uratidze kuti chiporofita chmukaka nehuchi chinoshanda. Paurikuwadzana naMwari kuburikidza neshoko ravo nekunyengerera, zvese zvirima maererano nehupenyu hwako zvirikuwaniswa simba. Zvese pamusoro pako zvichakunda, uye haupere basa nezita raJesu.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndakazvarwa nedenga. Simba raMwari rirmo mumweya wangu, nemupfungwadzangu nemumuviri wangu. Ndichaenderera mberi ndichiwedzera moto uye handipere basa nezita raJesu. Amen.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

1 Timoti 4:14

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Zvirevo 30-31

**VaGaratiya 2:2**

**Ndakakwira nokuda kwokuratidzwa ndikarondedzera pamberi pavo Evhangeri yandinoparidza pakati pava Hedheni asi kunavakanga vachikudzwa vari voga kuti zvimwe ndirege kumhanyira pasina kana kuti zvimwe ndatmhanyiora pasina.**

Muvhesi riri pamusoro muApostori Pawuro vanotiudza zvakavanzika pamusoro pekubudirira. Vanoti, "Ndakakwira nokuda kwekuratidzw." Kuratidzwa kuvhurwa maziso kubviswa kwemakwande. Budiriro inobva pakubviswa kwemakwande wotanga kuona zvakanaka. Pawuro anotipa zano rekuti unosimudzirwa sei, anoti akakwira nekuda kwekuratidzwa, zvichiratidza kuti kunzwisisa kwaunoita shoko raMwari kunosimudzira hupenyu hwako.

Mari yako, hutano zvese nebhezimusi zvakabatana nezvizaruro zvauinazvo. Kuwana kwako zvizaruro kunokusimudzira muhupenyu. Verenga shoko raMwari ugopupura! Paunodzika neshoko, kunyangwe ukatanga kudaro nhasi, chiyedza chinobva chaura kwauri zvokonzera kusimudzirwa kwako. Shandisa shoko raMwari kuti usimudzirwe muhupenyu. Chiporofita chako ndechekuti urame hupenyu hwemukaka nehuchi, shingirira nacho! Zvipire kuverenga shoko raMwari, iro rine zviporofita zvisinga wire pasi, zvichaita kuti hupenyu hwako husarambe hwakadaro.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndinogara ndichiverenga nekunzvera shoko raMwari nguva dzese uye ndiro rinondisimudzira. Ndinobudirira uye ndichavamukuru nezita raJesu. Amenii.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Zvirevo 4:20-23

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 1 Madzimambo 12-14

**Vatongi 6:12**

**Ipapo mutumwa waJehovha akazviratidza kwaari akati Jehovha anewe murume anesimba noumhare.**

Mwari vanokuziva kudarika kuzviziva kwaunoita iwe. Vanodawo kuti uve nehupenyu hwakanaka kudarika zvaunozivawo zvakare. Bhaibheri rinoti Ghidhiyoni akange akahwanda ma-Firistiya, avo vaigara vachipamba vachitorera vana valsaeri goho ravo gore rega rega. Ghidhiyoni akange akahwanda, izvo zvairatidza kuti aitya, uye akange arimbwende asi Mwari havana kutaura naye semaonero aaizvita iye. Vakamuti akange "arimurume wehumhare."

Iye anofanirwa kunge akakatyamadzwa nazvo kuti, Ko Mwari vapindwa

nei kunditi murume wehumhare ini ndakatohwanda vavengivangu? Mhinnduro ndeyekuti kana Mwari vakakutarisa vanoona zvakadarika zvaunoona iwe. Unogona kuzviona semunu arikubudirira kana kuti munhu arikutambudzika asi Mwari vachitoona munhu achapedza matambudziko enyika. Kuna Mwari uri munuu mukuru. Saka usabvumire nharaunda yako, kwawakabva kana kwawakaenda kuchikoro kuti kutonge hupenyu hwako. Wakaberekerwa kutonga nezita raJesu!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**I am a mighty one of valour. I possess power from above and the world is yet to see something greater and mightier coming out of me in the Name of Jesus. Amen.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

1 Petro 2:9

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 2 Makoronike 10-12

**Zvirevo 18:21**

**Rurimi rwune simba pamusoro porufu noupenyu, vanoruda vachadya zvi-bereko zvarwo.**

Pese paunotaura, ziva kuti hausikun-gotaura mashoko zvopera zvakadaror those are not just mere words coming out of your mouth and dissipating into thin air. The words you utter have power to shape your life for the best or worst. That's why you need to put a premium on the words you speak. Put a standard on the words that proceed out of your mouth. This has nothing to do with your emotional position. It's all about charting the course of your life with your words. All the milk and honey you want lies in the power of your tongue.

Today, chose to speak life, peace, and prosperity. Don't allow your emotions or current status to shift your language. When things are good or not so good, speak positivity no matter what. Your destiny is waiting for you to speak that which is productive. Your tongue is a weapon to chart the course of your future. Decree and declare milk and honey in your day, and you shall surely see the manifestation of that word.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**I decree and declare prosperity in every area of my life. I shall live a life of milk and honey in the Name of Jesus. Amen.**

### MAVHESI EKUVERENGA

Mateo 12:36-37

### Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 1 Kings 15, 2 Makoronike 13-16

**VaRoma 5:5**

**Tariro hainyadzise nokuti rudo rwaMwari rwakadirwa mumwoyo yedu noMweya Mutsvene watakapihwa.**

Kudaidzirwa kwatakaitwa kuti tive nerudo hakusikupihwa murairo kwete isungano itsva yatakapihwa semaKristu. Hatiraramenemitemo nemirayiro. Kuva nerudo ndiho hunhu hwedu. Ini newe tintungamirwa nevhesi riri pamusoro, “nokuti rudo rwaMwari rwakadirwa mumwoyo yedu.” Hatiite rudo nekuti tinenge tichitevedzera mutemo kwete, rudo ndohunhu hwedu. Mweya yedu yakanyikwa murudo nechekare. Takanyura murudo rwaJesu, naizvozo hatiudzwe kana kurayirwa kuti tive nerudo, rudo kwatiri rwakangofanana nekufema.

Sarudza rudo, uve mushumiri wekuyanana vamwe mumhuri nemuhushamwari. Hakuna nzvimbo yezvigumbu kana kuvengana. Jesu Kristu arikudzoka, hakuna nguva yekutamba. Iva nerudo nguva dzese; ndiho hunhu hweuyo anemwoyo wakanyikwa murudo rwalshesha Jesu Kristu.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndinoda vanhu kwete nekuti ndinenge ndichitevera murairo asi nekuti ndiho hunhu hwangu. Nhasi nemisi yese ndinosarudza kuva nerudo ndogara nevamwe murunyararo. Handichaita zvigumbu kana kuvengana nevanhu nezita raJesu.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

1 Johani 4:8; Johani 3:16

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 1 Kings 16, 2 Makoronike 17

**Mabasa AvaPostora 17:28**

**Nokuti maari tine hupenyu, tinofamba tiripo sezvaakareva vamwe vanyori venziyo vokwenyu vachiti nokuti tiri rudzi rwakewo.**

Kana ukarovera kumadziro unokuvava uye unogona kuto tyoka. Asi ukashandisa bulldozer kupwanya madziro anobva awira pasi oparara. Kana urimukati me bulldozer, unenge uchinyatsoziva kuti hapana chimwe chinhu chinenge chine simba rekukumisa pane zvaunenge uchida kuita. Bhaibheri rinotiudza kuti tinorarama, kufamba nekurarama muna Jesu. Zvinotiudza kuti Jesu haasi munhu asi kuti inzvimbo. Ndimu matinogara uye tinofamba tiri munharaunda yake.

Urimukati memunhu mukuru akakura kudarika chero ripi bulldoza. Hapana chinokumisa. Bhizimusi rako harirambwe nechero upi munhu nekuti urimukati memunhu anesimba rakawanda. Zvinhu zvese maererano newe zvinofanirwa kungobudirira nekuti urimunharaunda inesimba, Ishe Jesu Kristu. Mavari haukundikane uye haubatike. Zvinhu zvese zvinoyerera semukaka nehuchinekuti unogara munzvimbo yakanakisisa anova Jesu Kristu!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndinogara muna Kristu. Maari ndinogara, ndinofamba nekurarama. Ndinodiwa nekuti ndirimukati mesimba repamusoro. Amenii.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

2 VaKorinde 5:17

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 1 Kings 17-19

**Mapisaremas 119:130**

**Kuzarurwa kwamashoko enyu kunopa chiyedza, Kunopa njere vasina mano.**

Vara rinonzi Illuminati rinoshandiswa kana kuchitsanangurwa avo vanonzi vaneruzivo rwakadarika rwune vamwe vanhu. Ko nhengo dze Illuminati dzechokwadi ndaanani? Zita iri rinobva kuvara rechirungu rinonzi illumination, rinoreva vaunzi vechiyedza. Bhaibheri rinoti kupinda kweshoko raMwari kunounza chiyedza, uye Mwari pachavo vanotiudza kuti tiite kuti chiyedza che-du chipenye. Zvimoreva kuti tiri vaunzi vechiyedza. Tiri chiyedza munyika ino!

Nyika haikwanise kuenderera mberi tisiipo isu chiyedza chechokwadi. Ndisu ma Illuminati echokwadi nekuti ndisu tinounza chiyedza kunyika. Nyika

painenge isisina tariro, yapererwa tinounza tariro nekutenda kuburikidza neruzivo rwaJesu Kristu. Kuburikidza neshoko raMwari riri mauri, nhasi chiyedza chako chiri kuwedzera, uye vemhuri yako vachaponeswa newe. Ari mauri mukuru kudarika arimunyika. Chienda unoratidza kubwinya kwaMwari. Ndiwe unoratidza zvinodiwa naMwari, nezita raJesu!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndiri muunzi wechiyedza. Ndinounza simba kubva kumusoro uye zvese maererano neni zvine chiyedza. Nzira dzangu dziri kupenya dzichiunza mukaka nehuchi nezita raJesu. Amenii.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Mateo 5:14

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 1 Kings 20-21



**1 VaKorinde 3:19**

**Nokuti huchenjeri hwenyika inehupenzi kuna Mwari, nokuti kwakanyorwa kuchinzi unobata vakachenjera pamano avo.**

Kuva ne huchenjeri kuva neruzivo, nekugona kuita sarudzo. Nyika inezviyero zvainoshandisa zvekuziva nazvo huchenjeri hunenge huine munhu. Dzimwe nguva inoyera huchenjeri uhwu ichishandisa mari ine munhu, dzidzo yake kana hutungamiri hwake. Vhesi redu ranhasi rinoratidza kuti kune huchenjeri hwakakura kudarika hwe nyika. Kunyangwe taona zvigadzirwa zvemhando yepamusoro pane rino pasi, zvirikunzi kune huchenjeri hwakadarika ipapo.

MuApostori Pawuro anoti huchenjeri hwenyika hupenzi. Haufanirwe kuvimba nezvinoitika munyika neku ti zvinogumira panzira. Mwari ega ndiye anehuchenjeri hwemhando yepamusoro. Kuburikidza nehuchenjeri hwake akateya nheyo dzenyika akaudza zvinhu kuti zvivapo. Pauri kuverenga nekunzvera shoko iri, huchenjeri humwe chete hurikupinda mumweya mako. Uchashanda uine huchenjeri hwepamusoro nezita raJesu.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndinehuchenjeri hwedenga. Arimandiri mukuru kudarika ari-munyika. Zvibereko zvebasa rangu zvakaropafadzwa nezita raJesu. Amen.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Jakobho 1:5

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 1 Kings 22, 2 Makoronike 18

**Johani 18:37**

**Ipapo Pirato akati kwaari iwe urimambosu? Jesu akapindura akati unoreva iwe kuti ndiri mambo. Ndakaberekerwa izvozvo ndakauyira izvozvo panyika kuti ndipupure zvokwadi. Mumwe nomumwe wezvokwadi unonzwa izwi rangu.**

Kuva nechinangwa ndiko kunounza budiriro. Kana uchiziva kuti nei urikufema mweya izvezvi, pfungwa dzako dzinobva dzaenda kuzvinhu zvaurikuona kuti zvakakosha. Jesu akaudza Pirato kuti, "Ndakaberekerwa izvozvo ndikauyira izvozvo." Aiziva chikonzero chekuti akaberekerwei, akaramba akanangana nezvaakavinga panyika kwemakore matatu. Zvakabuda ndezvekuti mbiri yake irikutaurwa nezvayo nanhasi.

Sarudza zvakakosha muhupenyu. Nangana nezvinhu zvinounza pundutso kuhushe hwaMwari. Hakusisina nguva yekungotaura zvinhu zvisina mature, kuvengana kana kushorana. Yave nguva yekuti umhanye nenhau dzakanaka dza Ishe wedu Jesu Kristu nguva yekubvutwa kwava tsvene isati yasvika. Shandisa nguva yako zvine huchenjeri, uine chinanga! Mhuri yako, hushumiri hwako nebhizimusi rako zvakakumirira. Yavenguva yekunangana nezvinhu zvinounza pundutso kwauri nehushe hwaMwari.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndakaberekerwa kupupura pamusoro penhau dzakanaka dzalshe Jesu Kristu. Vazhinji vachaona chiyedza kuburikidza neni. Chinangwa change ndiJesu Kristu kusvikira pakubvutwa kwevatsvene nezita raJesu. Amen.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Jakobho 1:8

**Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati memazuva 365**

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: 2 Makoronike 19-23



**“A GLOBAL VISION  
REQUIRES A GLOBAL  
BUDGET, BECOME A  
GOODNEWS DAILY  
PARTNER TODAY”**

---

**PROPHET  
UEBERT ANGEL**

[www.goodnewsworld.com/gndpartner](http://www.goodnewsworld.com/gndpartner)



# WAKATAMBIRA JESU KRISTU SATENZI NEMUPONESI WEHUPENYU HWAKO HERE?

TINOKUKOKA KUTI UITEJESU KRISTU TENZI  
NEMUPONEI WEHUPENYU HWAKO  
KUBURIKIDZANEKUNAMATA UCHITI

ISHEWANGU NAMWARI WANGU NDINOJYA  
KWAMURI NEZITAJESU KRISTU. NDINOTENDA  
NEMWOYO WANGU WESE KUTIJESU KRISTU  
MWANAKOMANA WAMWARI VAPENYU. INDINO-  
TENDA KUTI VAKANDIFIRA UYEKUTI VAKAMUTSWA  
KUBVA KUVAKAFA NAMWARI. NDINOTENDA KUTI  
NANHASI VAPENYU. NDINOPUPURA NEMUROMO  
WANGU KUTIKUBVIRA NHASI JESU KRISTU NDI-  
YEAVE TENZI NEMUPONESI WEHUPENYU HWANGU.  
KUBURIKIDZANAYE UYENEZITA RAKE NDAVENEHU-  
PENYU HUSINGAPERERE; NDAZVARWA PATSWA.  
NDOKUTENDAI I SHE WANGU KUTIMAPONESA  
MWEYA WANGU. NDAVE MWANA WAMWARI

MAKOROKOTO!  
WAVEMWANA WAMWARI.HARERUYA!

To receive more information on how you can grow  
as a Christian, please get in touch with us on

**UK: +44 3333 448 612 / USA +1240 781 6942**  
**RSA +27 51 004 0209**

[www.uebertangel.org](http://www.uebertangel.org) | [www.goodnewsworld.com](http://www.goodnewsworld.com)

# MAGWARO NDIMA YEKUDZIVIRIRA

## ISAYA 54:

**14** NDICHASIMBISWA MUKURURAMA NDI-  
CHAVA KURE NEKUMANIKIDZWA HANDIN-  
GATYI UYE NDIRIKURE NEZVINOTYISA


**15** PAKAITA ANONDIRWISA, HANDITOMBO-  
FUNGA KUTI VATUMWA NAMWARI, UYE  
KANA VAKANDIRWISA NDINOKUNDA

**16** MWARI AKASIKA MUPFUURI ANOPFUTID-  
ZA MAZIMBE MUMOTO NOKUITA NHUMBI  
YEBASA RAKE NDIYE AKASIKA MUPARADZI  
KUTI APARADZE


**17** HAKUNA NHUMBI YOKURWA INOPFUR-  
WA KUZORWA NENI, ANONDIPAOMERA  
MHOSVA ACHANZI MUNYEPI. NDIRIMU-  
RANDA WAMWARI UYE MWARI VANOITA  
KUTI ZVINHU ZVESE ZVINDISHANDIRE  
MUNEZVAKANAKA

**NDIZVO ZVINOTAURWA NAMWARI KWANDIRI UYE  
HAZVIKONDI NEZITA RAJESU!**

TRANSLATED FROM THE MESSAGE BIBLE IN ENGLISH




# SUBSCRIBE TO OUR YOUTUBE CHANNEL



**GoodNews Daily Devotional**  
1,045,342 views



**GoodNews Daily  
Devotional**  
100K Subscribers

Subscribed 

Like  Comment  Share 



SCAN  
ME



**TheGoodNewsWorld Helplines**

**USA: +1 (240) 781-6942**

**UK: +44 333 344 8612**

**RSA: +27 (51) 004-0209**

[www.goodnewsworld.com](http://www.goodnewsworld.com)